ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№113 (21.521) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и языныкъуэ закон актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и дей егъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№45-П-П

«Муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэр хэхыным и Іуэхуки» КъБР-м и Законым, «ЩІыпІэ самоуправленэм и лІыкІуэ органхэм я депутатхэр хэхыным и Іуэхуки» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэр хэхыным и Іуэхуки» КъБР-м и Законым, «ЩІыпІэ самоуправленэм и лІыкІуэ органхэм я депутатхэр хэхыным и Іуэхуки» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуки» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым дей егъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№62-П-П

Налшык къалэм и унафэщІ Хьэгъэс Залымджэрий

Мэкъуауэгъуэм и 15-м Налшык къалэм щыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым и сессие зэхэтащ. Депутатхэм абы зэдэарэзыуэ щыдаІыгъащ Налшык къалэм и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ къудыкъуэ зыхуагъэфэща Хьэгъэс Залымджэрий и кандидатурэр.

ФИГУ къэдгъэкІыжьищи, нэгъабэ и дыгъэгъазэм ар щытекІуауэ щытащ а Іэнатіэр зезыхьэнур къыщыхаха зэхьэзэхуэм. Абы щыгъуэ къагъэлъэгуащ кандидатиплІым щахэдэм, КъБР-м и Парламентым и депутат **Джэш Фатімэ** зи унафэщІ, зэпеуэмкІэ комиссэм къыхигъэщат къалэм и Іуэху зыІутым, къэув къалэнхэм Хьэгъэсым куууэ зэрыщыгъуазэр, ахэр зэфІэхьныжьмкІэ щыІэ Іэмалхэм зэрыхищІыкІыр. Ауэ псом ящуэ къалъытар «Налшык и электросетхэр» ОАО-мрэ къалэ администрацэм финансхэмкІэ и департаментымрэ я лэжьыгъэхэр щинуэтІа зэманхэм екъуІэныгъэ нэрылъагъуэхэр зэрІарщ, къызэгъэпэщакІуэ Іэзэу, жэуапІныгъэ зыхъэІ, Іуэхум ткІийуэ хущыт унафэщІу зыкъызэригъэпъэгъуарц. Джэш ФатІимэ къызэрыхигъэщамкІэ, къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зэригъэзэщІа илъэс ныкъуэми а псор Іуэхукіэ щигъэбыдащ.

Унафэ къащтэн и пэкІэ депутатхэми жаІащ а пІалъэм щхьэгъубжэу Хьэгъэс Залымджэрий хьэл-щэн дахэ къызэригъэлъэгъуар, и пІэм ибгъуатэу, цыхухэм епсэльэфу, сыт хуэдэ щыгъуэ щыІныгъэмкІэ псынщІэу хэкІыпІэ къыхуигъэтыфу, пэжыр и гъуаз, ихь жэуапІныгъэмкІэ зыхуэхІиижу, и лэжьэгъуэхэм ар захригъащІэу зэрыщытар.

Сессием и лэжьыгъэм хэта, КъБР-м и Правительствэм и Іэтащхьэ **Ярин Андрей** республикэм и Президентым и Іуэху епІтыкІэхэр зэрыдаІыгъым папщІэ депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи къалэм и унафэщІхэм дяпэкІи купщІафІэу зэрадэлэжьэнур и фІэщ зэрыхъур къыхигъэщащ.

- Сызыпэрыхьэ къулыкъур жэуапІныгъэ ин дыдэ зыпылъ, къалэдэсхэм я зэІуэпэщ псэуКІэр къызэдгъэпэщын папщІэ псэемыблэжу дызыбгъэдэтын хуей Іэнатіэщ. Къызэвгъэза дзыхьым къалэн къысщещІ жыджэрагъ къызгъэпъэгъэну, фыкъыкІэзэрысщыгугъыр Іуэху нэрылъагъуэхмкІэ щІэзгъэбыдэну, - жиІащ Хьэгъэс Залымджэрий, Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кІуэцІыкІуэм зэрыувымкІэ зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадза нэжь, депутатхэмрэ ирагъэблагъэхэмрэ защІыхуигъаз эм.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

● Хъыбарыфі

Зи Іуэхущіафэр дахэ

«УРЫСЕЙМ и профэзэщІэхьеенагъэм зиужьным зэрыхуэщхьэпам папщІэ» дамыгъэр къыхуагъэфэщащ КъБР-м сатумрэ потребительскэ кооперацэмрэ я лэжьакІуэхэм, зыбрычъытыщІэхэм я профсоюзхэм я «Торговое единство» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Бекъалды Маритэ. ЩІыхуэхэм къащхьэщыжьным теухуауэ профсоюзхэм я къалэнхэр ягъэзэщІэным зэрыхуэзфІэкІкІэ зэрыкъэлэжьыхьым къыпэкІуащ Маритэ къыхуаща гулыитэр.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

Ахьшэ къыдигъахуэу

Венгриемрэ унафэ къыщтащ дуней псом щиІэ Іуэхущіапіэхэм щыщу посольству пІлы, консульствэу 8 зэхущІыкІыну, абы щІэхуаІэ ахьшэр къыдигъахуэу, къэрал мылькур ныхъ зэриІэзэхуэн мурадкІэ.

- А Іуэхущіапіэхэр зэрыІэхуэтщІыкІым и фІыгъэкІэ дэ илъэс кІэс къыдэдгъэхуэнущ форинт мелардитІ, ар евро мелуанибл мэхъу, - жеІэ Венгриемкъэрал щІыб Іуэхуэхмкіэ и министр Балажэ Питер.

Зэхуаціыж посольствэхэм хиубыдащ Люксембург, Малайзие щыІэхэри, Америкэ Ищхьэрэм щагъэлажьэ Іуэхущіапіитіи. Гон-Конг, Сидней, Чикагэ, Дюссельдорф щІэ консульствэхэри дяпэкІэ лжьэжьнукъым. Дунейпсо организацэхэм я лІыкІуэу Венэ, Париж, Женевэ щылажьэхэми ахьшэу текІуадэри ягъэмащІэ, ахэр псоми зэдаІ штаб-фэтэрхэм ягъэІэпхъэри.

Дунейпсо финанс кризисым и зэранкІэ Венгриер банкрот мыхъуу къыхэрІари и фІыгъэщ нэгъабэ и жэпуэгъуэ льандэрэ дунейпсо щІыхуэу евро меларди 4,6-рэ къызэрищтам.

НэхъыкІэ хъуркъым

УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъу Дворкович Аркадий зэрыжиІэмкІэ, ди къралым и экономикэм ехуэхын щиІэтащ.

Ар щытыкІэ хъэлъэм итщ, иэхъыфІи иэхъыкІи мыхъуу. Дворкович къызэриІутыгъмкІэ, накьыгъэм промышленностым къыщигъэкІыж куэдкІэ хэщІауэ Росстатым къызэриІэльэгъуар къыхокІ а мазэм зыгъэпсэхуГъэ махуэу куэд зэрыхиубыдам.

Китайм ещхэу

Китайр мэгугъэ Урысей Федерацэм и дежкІыщІыхьу электрокъарум хигъэхъуэну.

А Іуэхум ехьэлІауэ ди къралым и Іуэхущіапіэхэм яригъыІІэну зэгурыІуэныгъэхэри игъэхьэзырац. Проектым зэриубзыхумкІэ, 2010 - 2015 гъэхэм кьриубыдэу Урысейм Китайм ирищэн хуейщ электрокъаруу киловатт мелард 18, иужькІэ а бжьыгэр киловатт мелард 60-м нагъэсыну тращІыхь.

Китайм Урысейм и деж кьыщецэху зыщыщІэ газри щыдагъэри. А къэралым электрокъАрууэ кьйгъэсэбэпым илъэс къэс процентитхукІэ зэрыхэхьэр къэплъытэмэ, къэралитІым электрокъарумкІэ зэдащІ сатум кІуэ пэтми зиужьынущ.

◆Мэкъуауэгъуэм и 18 - 19-хэм Брюссель щызэІущІэнущ Европэ Советым хэт къэралхэм я унафэщІхэр.

◆Мэкъуауэгъуэм и 18 - 19-хэм Пхеньян (Корее Ипщэ) щекІуэкІынущ КъуэкІыпІэ Азием и экономикэм зиужьнымкІэ Дунейпсо форум.

◆Мэкъуауэгъуэм и 18 - 19-хэм Тромс (Норвегие) щызэхэтынущ Европсоюзым хэт къэралхэм юстициэмкІэ я министрхэм я 29-нэ конференц.

◆1606 гъэм Кърым хьаным и дзэр, заузэІ мин куэд хуауэ, адыгэщІым кьытеуат. Зэхуэ хьэльэхэм я ужькІэ, абыхэм Іэщыпхуэрэ гъэру яубыда цІыхуэ куэдрэ Хэкум ирашащ.

◆1956 гъэм Налшык музыкэ училищэ кьыщызэІуахащ.

◆1929 гъэм Налшык къыщызэІуахащ япэ сабий сад.

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 24-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 50-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 26-рэ.

ПІэІапэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІОЗ Зарифи.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м кьыдигъэкІа Унафэ №60-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуки»

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм накьыгъэм и 4-м *№118-ПП*

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэм я щІыналъэхэр гъэкъэбзэныкІэ, зэІуэпэщ щІыныкІэ, щхьэантІагъэхэр щыхэсэныкІэ мазитІ лэжьыгъэ егъэкІуэкІыныкІэ республикэ комиссэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м къыдигъэкІа Унафэ №60-ПП-мкІэ кьыщтам мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Гъэыев Б. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныжьмрэ щІыуэпсыр къэгъэсбэныныкІэ и министрыр *(комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ);*

Пашты Б. С. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрыр;

б) комиссэм хэтэу мы кьыкІэлъыкІуэхэм щІэуэ кьрата я къулыкъуэм зэреджэр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

Уэнаев К. Хь.-М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщІ);*

Шинов В. А. - «Іуащхьэмахуэ льапэ» лъэпкъ парк» федеральнэ къэралІуэхущІапІэм и унафэщІыр;

в) комиссэм кьыхэтэкІыжьын **Тут З. Н.**

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и жылагъуэхэм я щІыналъэхэр гъэкъэбзэныкІэ, зэІуэпэщ щІыныкІэ, щхьэантІагъэхэр щыхэсэныкІэ мазитІ лэжьыгъэ зэрыригъэжьІуэхуэр щрагъэкІуэкІыну губгъуэхэр.

Мы Іуэху щхьэпэр зэрыригъэжьІуэкІа мыльхъу кьыхальъхьащ зи гугъу тщІа фондым и мызакъуэу, «Велес-Агро» Іуэхущіапіэм, кьуажэ администрацэм. Фэеплъхэр зэрагъэпэщыжам и мызакъуэу, ящыныкъуэхэр кьыІэзэрыухьахэри зэрахъуэжІащ. Гъатхэр кьыщихьэм фэеплъхэм я хьурегъэкІэ щыхасауэ щытя жыныщІэхэм кьуажэдэсхэри еджакІуэхэри егуГуу кІэльоплъ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Гъэмахуэ-2009

Мэз школым зыщагъэпсэхунущ

Налшык и Долинск хьэблэм щыІэ санаторэ-мэз школ №2-м и сабий лагерым лэжьан щІидзащ. МазищкІэ (зэманкІэ зэпыудауэ) мыбы щыІэну щІыкІуэхэм нэсу зрагъэгъэпсэхунущ, я узыншагъэм кІэлъыплъынущ.

ЕджапІэм и унафэщІ Таукъ Таисие зэрыжиІэмкІэ, сабий 90-м нэс яІыгъынущи, абыхэм я нэхъыбэр езы школым и гъэсэнхэрщ. Мы гъэм ящэу мэз школым и лагерым кьашэнущ Тэрч куейм сабий зеиншэхэр щапІыж и интернатым щыІэхэм ящыщу зи узыншагъэм нэхъ кІэлъыплъпхьэу къаІыьта цІыху 15.

Гъэмахуэ мазищыр мы щІыпІэм щызыгъэкІуэну цІыкІуэхэр, къэуат зыщІэлъ шхыныгъуэхэмкІэ нэсу кьызэрызэгъэпэщам и мызакъуэу, Іэпкъльэпкъ, псантхуэ узыфэхэр зыпкъритхэм хуабжьу сэбэпынагъ яхуэхъу псыхэабэхэмкІи кІэзэныуэщІ. Мы Іуэхумкіэ мэз школым кьыдэІэпыкъунущ Налшык и «Водогрязелечебница» Іуэхущіапіэр.

Псом ящхьэр лагерыр здэщыІэ мэз льапэм и жьы кьабзэрращи, сабийхэр щІэхьІэхьурэ гуэл, псы Іуфэхэм яшэурэ я нэгу зрагъэуэжьынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ

Шкодакіуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм нрихьэлІэу Шэрэдж куейм сабий творчествэмкІэ и унэм щрагъэкІуэкІащ программэм хэмыт дерсхэмкІэ егъэджакІуэхэм я ранонпсо зэхьэзэхуэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и кьаІэн нэхъыщхьэу щытащ гъэмахуэ псом школакІуэхэм ядэлэжьэну гъэсакІуэхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэр здынэсыр кьапщытэныр, сабий зэчиифІэхэм я зэфІэкІым зыщыгъэгъуэзэныр.

Зэпеуэр гуэшауэ екІуэкІащ: ди лъахэм и тхыдэр джын, сурэт щІын, дэрбзэр хуэІуахуэщІэ, пхъэм, гъущІым, нэгъуэщІхэм хьэпшып зэмылІэжьыгъуэхэр къыхэщІыкІын, цым елэжьын, хэдыкІын. Зэпеуэм хэтащ авиамоделхэмрэ журналистикэмрэ дихьэххэри.

КъызэгъэпэщакІуэхэми зэпеуэм хэта егъэджакІуэхэми къызэрапытамкІэ, мыпхуэдэ Іуэхухэм мыхьэнэшхуэ я1эщ дэтхэнэ зы гъэсэныгъэ лэжьыгъэри нэсу зэтеубла хъунымкІэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

«Адыгэ псальэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Итэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псальэм» Іэ щытеидзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущіапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

«Шэрхъ шынагъуэншэ» урысейпсо зэпеуэ

«Шэрхъ шынагъуэнш» зэгухьэныгъэм и инспектор ныбжьыщІэхэм я урысейпсо зэпеуэ-фестиваль Перм къалэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ Урысейм и областхэм, крайхэмрэ республикэхэмрэ я командэ 84-рэ.

ЗЭПЕУЭМ щыІащ Къумахуэ Дианэ, Гузеевэ Камилэ, Мамбэт Муртаз, Мэремщауэ Тамерлан сымэ зыхэта Къэбэрдей-Балкъэрым и инспектор ныбжьыщІэ зэгухьэныгъэхэм я командэ къыхэхар. Абыхэм зыщагъасэ Къбр-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и Сабий автомобиль еджапІэм.

Перм къалэм СпортымкІэ и уардэнэм зэхьэзэхуэр къыщызэІуахым урысейпсо зэпеуэм кърихьэлІахэм псалъэ гуапэкІэ зыкъыхуагъэзащ Урысей МВД-м и ОБДД-м и лъыкІуэхэмрэ Перм крайм и губернаторымрэ.

Зэхьэзэхуэр махуиплІкІэ екІуэкІащ. Ныбжьыщ1эхэм ягъэльэгъуащ гъуэгухэм зэрыщызекІуэ хабзэм, медицинэм, лькъуэрыбжэкІэ кьэжьыхьыным теухуауэ я зэфІэкІыр здынэсыр, гушыІэ зыхэлъ тепльэгъуэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ наІуэ ящІащ гъуэгум щынагъуэнщэу щызекІуэным и льабжьэ нэхъыщхьэхэр.

Республикэм и лЫкІуэхэм щІэныгъэ хъагъэльэгъащ икІи Инспектор ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэм и командэ кьыхэха нэхьыфІу 10-м яхэхуащ, еянэ увыпІэр зыІэрагъэхьри. «Шынагъуэншэу псэуным и льабжьэхэр» зэпеуэм Мамбэт Мурат еханэ, Къумахуэ Дианэ ебланэ увыпІэхэр къыщащ, автокъалэ цІыкІум льакъуэрыгъажьэкІэ къыщыжьхьыным щызэныкъуэкъуахэм я деж Мамбэт Муртаз етІуанэ щыхьащ. Гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэм теухуа зэпеуэм ди командм епщІанэ увыпІэр къыщыхьащ.

Зэхьэзэхуэхэм кьыщыдэхуэм ныбжьыщІэхэм Перм къалэм и щІыпІэ дахэхэм зыщаплъыхьащ, Кунгур мыл бгъэунщІагъэр зрагъэлъэгъуащ.

ЦІыкІуэхэр зэбгрыкІыжащ гукъэкІыж я куэду, ныбжьыгъущІэхэр зрагъэщІыхуауэ.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакІуэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зэхэлъхьэным и Іуэхуки

ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖМурат

● Прохладнэ куей

Жылагъуэхэр зэІуэпэщ ящІ

Прохладнэ куейм хыхьэ Псыншокъуэ, Советскэ жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІыным екъэІэ лэжьыгъэхэр зэпыуркъым.

ИДЖЫБЛАГЪЭ зыхуей хуагъэзащ сабий джэгупІэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щрагъэкІуэкІыну губгъуэхэр.

Мы къуажэхэм ильэсищ зэкІэлъыкІуэм жыгъщІэхэм я гъуэхуауэ я1уэ щхьэпэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ щыхэсэным теухуауэ яубзыхуам тету, жьы хьуа жыгъэр къраупщІыкІ, дызытехьэ бжьыхьэм жыгъщІэхэр зэрыхасэнум хуэдэу.

Фэеплъхэр хуэсакъыу зэрахьэ

Къэрэгъэш къуажэм и псапащІэ фондым и мылъкукІэ зэрагъэпэщыжащ тхыдэм и фэеплъу а щІыпІэм итхэр.

АБЫХЭМ ящыщщ жылагъуэ куэдым узыщримыхьэлІэж фэеплъри - ар совет зэманым Лениным хуагъэувауэ щытаррщ. Апхуэдэуи зыхуей хуагъэзащ Дубовым, зи цІэр ямыщІэ сэлэт 12-м, Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъхэр. Лэжьыгъэм сом мин 200-м щІигъу текІуэдащ.

Мы Іуэху щхьэпэр зэрыригъэжьІуэкІа мыльхъу кьыхальъхьащ зи гугъу тщІа фондым и мызакъуэу, «Велес-Агро» Іуэхущіапіэм, кьуажэ администрацэм. Фэеплъхэр зэрагъэпэщыжам и мызакъуэу, ящыныкъуэхэр кьыІэзэрыухьахэри зэрахьэжІащ. Гъатхэр кьыщихьэм фэеплъхэм я хьурегъэкІэ щыхасауэ щытя жыныщІэхэм кьуажэдэсхэри еджакІуэхэри егуГуу кІэльоплъ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

Іей зымыгъэуэнэуам фыр зыхуэдэр ищІэркъым.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м и Президентым зэрызыкъыхуагъазэ Іуэхухэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Интернетым щиІэ www.president-kbr.ru сайтым накъыгъэм и 23-м щыщІэдзауэ накъыгъэм и 31-м нэсыху тхыгъэ 60 къаратыжащ. Абыхэм ящыщу процент 25-р псэупІэм, процент 17-р дэІэпыкъуныгъэ зэрыкъуэкІыжыным, проценти 6-р узыншагъэр хъумэным, процент 6-р дахэкІэм и Іуэхум, проценти 6-р егъэджэныгъэм, проценти 3,5-р псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм и ІэнатІэхэм, проценти 2-р лэжьапщІэ зэрат щІыкІэм, проценти 2-р щэнхабзэм екъэлІащ. Тхыгъэхэм я процент 14-м ыкІи хощ цІыхухэр щІыпІэ самоуправленэм и органхэм я лажьыгъэмкІэ зэрыщыарэзыр, процент 18,5-м КЪБР-м щыгъэзэщІапхъэ къалъытэ экономикэ проектхэр кьыщыкалъхъэ. Иджыпсту а тхыгъэ псоми ихуэжь. Законодательствэм къызэриІуэвыкІ тету, Президентым зыкъыхуэзыгъэза псоми жуаран ратыжынуц Къанокъуэ Арсен е абы Іуэхур зи пщэ ириІэхьа гъэзэщІакІуэ органым и унафэщІым.

АПХУЭДЭУ хьыбархэр къокІуэ коррупцэм пэщІэтынымкІэ КъБР-м и Президентым и линэм (8-8662) 47-17-79, 47-32-56). Зы тхьэмахуэм къриубыдэу абы щІыху 12 къэпсэльащ. ТІум жаІахэр зэхьэлІэр псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм и ІэнатІэм щыІэ гугъуехьхэрщ, тІум къагъэхьа хьыбархэр теухуащахъшэкІэ зэрыдджэгу Іуэхущ1апІэхэр хабзэм къемызэгъыу зэрагъэлажьэм, зыр лэжьапщІэ тэмэму зэрамытым, нэгъэущІ зыи и псэупІэр зэрызэкІэлъыдмыкІуэм теухуауэ къэтхъуэсыхащ. А псори КЪБР-м и Президентыр хэпльэн папщІэ иратащ.

Гу лъытапхъэщ Къэрал экзамен зэгуэтхэр зэрыраГъэкІуэкІ щыкІэм теухуауэ зыри къызэрымытхъуэсыхэм.

КЪБР-м и Президентым и Интернет сайтым кьагъэхь тхыгъэхэм я фІыщІэкІэ ди республикэм щыпсэу цІыхухэр зытегущыезвыхь Іуэху кугъэ дэгъэкІа мэхъу. Къапщтэмэ, Дзэлыкъуэ районым щыщ Малкэ къуажэм дэс Хьэжнэгуеф М. Н. псыкІэ гугъу зэрехьым теухуауэ хэпльар къригъэщІа нэужь, абы и пщІэнтІэм псыр бжьамиикІэ худащащ. Нашлык кьалэм Степаньшевым и ІэщІ зэрихьэу щыІэ уэрамым и лъэс зекІуапІэхэм автомобиль транспортыр темыхьэн папщІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІащ. Абы теухуауэ Къанокъуэ Арсен кьыхуэтхъэсыхуэр щытащ кьалэм щыпсэу Ержыб В. О. Бахъсэн кьалэм щыщ Ахъмэт Т. Н. ди щІыналъэм хухах кВотэм и хьэкъкІэ технологие лъагэм тещІыхьа медицинэ дэІэпыкъуныгъэ игъуэтащ. Кременчуг-Константиновкэ къуажэм щыщ Захарченкэ С. И. кьигъэхьа тхыгъэм кьыщыгъэлъэгуащ зэрысымэджам кьыхэкІыу газ уасэр счетчикым кьызэригъэлъэгъуэм тету зэрыримытыфар, иужькІэ а ахъшэр нормативым тету зэрыІахар. Унафэ кьащтащ абы кьигъэсебэпа газ и уасэр счетчикым кьигъэлъэгъуэ бжьгъэм тещІыхьауэ кьабжьыкІыу. Хьэмыкъуэ А. А. сайтым кьыпхъыа тхыгъэм кьыщыІэтащ Аргудан кьуажэм псы зэрищІысбграп бжьамий-хэр кхъахэ зэрыкъуар. А Іуэхури зэгъэщІылаІа ІэнатІэм игъэзэкІуэжащ. Республикэм и кьалащхьэм и Долинск хьэблэм щыІэ Насоснэ уэрамым щыпсэуэхэм ящыщу цІыху 29-м КЪБР-м и Президентым фІыщІэ кьыхуагъэщІу тхыгъэ кьагъэхащ. Нэхъ апэкІэ абыхэм кьаІэта тхэчэуысыхафэм ипкъ итКІэ, а уэрамыр зэІуэзэпэщ ящ1ащ.

Хуабжьу сэбэп мэхъу коррупцэм пэщІэтынымкІэ КъБР-м и Президентым и линэр зэрылажьэри. Абы кьагъэхьа хьыбархэм апкъ итКІэ, Прохладнэ кьалэм хабзэм къемызэгъыу ахъшэкІэ щагъэджэгу пэшыр зэхуащІыжащ, КъБКъУ-м и медицинэ колледжым и егъэджакІуэр Іуэлъхъэ кьащІыІихым ящыдащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я І

«КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и пщэрыльэм тету. 2008 гъэм и кІэм «Къэббалькъагролизинг» ООО-м и хэщІапІэм кьыщызэрагъэпэща машинэ-технологие станцыр апэ хэгъуэм хуэхъэзырыр. Апхуэдэу кьытыращ а Іуэхум хэтыну техникэм и щытыкІэр мэкъуауэгъуэм и 9-м кьэзыпщыта республикэ комиссэм.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Дзхьу Валерэ** зэрызкІаМкІэ, мы гъэм республикэм гъавэмрэ джэшхэкІэмрэ гектар мин 200-м нэблагъэм кьыщрахьэлІэжыныр. ІэщагъэлІхэм кьальытэ абыхэм тонн мин 680-р нэхъыб мынэхъ машІэ кьатыну. Зэрыщытту кьапщтэмэ, гъавэ зэрыІуэхьыж техникэкІэ республикэр кьызэгъэпэщащ, ауэ абыхэм я процент 86-р я пІалъэр икІауэ кьаГъэсэбэп.

«АПК-м зегъэуэкьын» лъэпкъ проект пэрытыр, мэкъумэш хозяйствэр егъэфІэкІуэныжмкІэ Къэрал программэр гъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ иджырей техникэщІэу мэкъумэшыщІэхэм кьаІэрыхьэм хэпщІыкІыу. Къапщтэмэ, 2006 - 2008 гъэхэм кьрихьыдэу республикэм кьищэхуащ сом мелуан 970-рэ и уасэ мэкъумэш техникэу 850-рэ. Абы щыщу 37-р гъавэ зэрыІуэ-кьыжьыкІ комбайнщ.

- Дауи, ІэнатІэ мыинхэмрэ курытхэрэ я нэхъыбэм техникэщІэ кьызэращэхун мыльку ябгъэдэлъкьым. Абы хэм Іэжьэну хуит кьызэращІам щыхьэт техьуэ тхьыть.

КъБР-м Щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ ГуГъуэт ФатІинэ зэрыжиІамкІэ, 2008 гъэм республикэм гъэкъапІэ щаІащ ныбжьыщІэ мини 5-м щІигъум, абы щыщу 400-р социальнэ и ІэныкьуэкІэ дэІэпыкьуэгъу зымыгъуэтхэрщ.

Балигъыпі3 имыувэхэр ІэнатІэкІэ кьыщцыхэзрагъэпэщкІэ ахэр зыпрагъэуэрэр ныбжьыщІэ и кьуэдзэ, зыпэлъэщыну лэжьыгъэхэрщ. Абыхэм ящыщу еджапІэхэм щекІуэкІ зэгъэпэщцыжмыкІыу Іуэхугъуэхэр. Хэку заутхэм хэкІэгъадахэм я фэлІпъ сынэр здэщыт щыІэпІэхэр зэпымыІухыныр, экологием и хабзэкэм тету щыналъэ щхьэхуэхэр гъэжьабзэныр.

ФыщІэупщІэ хьунуц мы телефонхэмкІэ: 42-04-03, 42-19-05.

ЖАНЫМ Саидэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ

Сыткіи хуэхьэзыру

●Гъавэ-2009

Химие щІэныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щыхъум и узыншагъэр, дунейм и кьабзагъэр хъумэныр кьызэгъэпэщыныр. А Іуэхум гурэ псэкІэ бгъэдэхъэм ящыщ мы тхыгъэ кІэщІым зи гугъу щыфхъэтщІыну щыхуэбз щыпкъэр. Ар химие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м молекулэр лъагэ зэхэтхэмкІэ и кафедрэм и доцент, КъБР-м и щІэныгъэ1 Іэщ1агъэ1 ныбжьыщІэхэм я Советым и унафэщІ Хьэшыр Светланэщ.

●Щапхъэ

Хьэшыр Светланэ и лъагапІэ

ДЗЭЛЫКЪУЭ куейм хыхьэ Сэрмакъ кьуажэм дэт курыт щколэм 11-р дыщэ зыхьэ-зыуха хъыджэбз щыкІуэ 1991 гъэм КъБКъУм химиемрэ биологиемкІэ и факультетым щІэтІысхьащ икІи еджэным нэхъуеинщэу зритащ. Жант, гурыхуэгъ, гумызагъэти, псори тынщу кьехьуІІэрт, и ныбжьэгъуэхэм я щапхъэт. Ещанэ курсым щІэсу унагъуэ ихьами, еджэныр зымащІэкІи зэпиГъуакъым, щІэныгъэ куу зригъэгъуэтауэ 1996 гъэм университетыр диплом дыхьыжкІэ кьиуху.

А илъэс дыдэм Тарч кьаІэм дэт етІуанэ курыт школым химиемрэ биологиемкІэ егъэджакІуэу уващ. Мыгувэу, 1998 гъэм, КъБКъУ-м и аспирантурэм щІэтІысхьащ.

Абы и кьэхуэтащІэхэм пщІэщхуэ кьыщыхуащІащ «Гуанидин зыхэхъ биоцид полимерыщІэхэр» зыфІщща и кандидат диссертацэр 2002 гъэм эхуэлІэныгъэкІэ щыпхигъэкІа Менделеевым и цІэр зезыхьэ Урысей химико-технологие университетым. Абыкіэ щыхьэт тхьылъыр кьыщІэрыпхьэжа нэужь, КъБКъМА-м химиемкІэ и кафедрэм егъэджакІуэ нэхъыжьу, КъБКъУ-м химие экологиемкІэ и кафедрэм инженер пэрыту щыІэжьащ.

- Дэ дызыхэт Іуэхум «ерыщагъ» хьэлыр щытепщэу щытын хуейуэ къызэлытэ. Абы лэжьыгъэр егъэкІуэтэ, гугъуехьыр пщегъэпсынщІэ. Зи яужь сихьар зыгуэркІэ къызэмыхьулІэмэ, сигъэдзыхэрхьым, уеблэмэ нэхъри сыдрегъэхьэх, сытрегъэгушхуэ, - жеІэ Светланэ.

Мурадышхуэр зи плъапІэ, щІэныгъэ нэсыр зыми пэзымыщІ Хьэшыр Светланэ 2006 гъэм КъБКъУ-м и доктораныр зи щІэтІысхьащ, Ар нэхъыбэу зи фІыщІэр зэхъэгъэныгъэхэр иригъэкІуэкІащ, и доктор диссертацэри игъэкъэзыращ, Ар мыгувэу пхигъэкІынущ.

Светэ кьызэращІыхуэр егъэджакІуэ Іэ3эущ, гумызагъэущ, кьыдэлажьэмэ, студентхэми бгъэдыхьэкІэ дахэ кьахъуэзыгъуэтыфр, жэуапныгъэ зыхъэтІ щыхуэ гуапэущ.

- И щІэныгъэ зэрыплъахьыр щІэн зэпымыуэ ебудэкІкІэ, Іей зыхуэпщІкІэ, студентыр еджэным нэхъ пхудегъэ хьэхынукъым. Абыхэм дапщэщи щабзу сазэрыбгъэдэтыным, сазэрыдэІэпыкъуным сыхущІохьу. Си адэ-анэр зэрыеГъэджакІуэр арагъэнущ ныбжьыщІэхэм садэлажьэн щІысфІэфыр. Абыхэм щІэныгъэ тэмэм ябгъэдэтхьэныр, дерс яхэхуэну щапхъэ егъэлъагъэныр согъэнэхъыщхьэ, - кьыхэгъэщ Светланэ.

Хьэшырыр ящыщкъым зригъэхъулІахэмкІэ арэзыуэ къыдэлажьэм. Абы и псэр зэпымыуэу щІэ гуэркъэм мэлъыхъуэ, къжъэныгъэщІэхэм ящыщ Хьэшыр Светланэ. Абырэ и щхьэгъусэ Іуэхугъуэ зэрыщІэныгъэхэм ящыщ. Ар ящыщ Іуэхугъуэ зэрыхъулІэныгъэхэм ящыщ. Ар химие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м молекулэр лъагэ зэхэтхэмкІэ и кафедрэм и доцент, КъБР-м и щІэныгъэ1 Іэщ1агъэ1 ныбжьыщІэхэм я Советым и унафэщІ Хьэшыр Светланэщ.

Къуажэ школ псори апхуэдэу щытамэ...

●Егъэджэныгъэ

щІэщ.

А псом кьищынэмыщІауэ, автомобиль транспортымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр лицейм зыпытщІауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ машинэ Іуэхуэхэм худогъаджэ, школыр кьыщцухкІэ аттестатым и гъусэу а предметыр зэриджамкІэ щыІэ школхэм щатыжынущ. Апхуэдэу гъэ еджэгъуэщІэм щІэздзэнуэрэ ЭВМ-м и оператор Іэщ1агъэм хьэдгъэджэнущ икІи лицейм и дипломэр ятТынущ. Кьуажэ сабийм щІэныгъэ кьудей мыхьуу, иджырей зэманым зэрыхэпсэукІыфын Іэщ1агъэ и Іэу щхьэкІэ кьедгъэхуныкІ кьаІэн нэхъыщхьэу зыхэдгъэувыжащи, ар зэрызэдгъэхьулІэным ди кьару псори идохьэлІэ.

- Мыаразыныгъэ кІэд къэзыщэхэм ящыщыщ егъэджакІуэхэм щІэм тету улахуэр етыныр. Язынныкьуэхэр абыкІэ арэзыщ, ауэ щыІэщ Іуэхум нэфІнеи хэзыльагъэуэхэри. Уэ абы тету хуауэ сыт кьыдженІэн?

- Си щхьэкІэ сыкъапщтэмэ, сэ апхуэдэ улахуэ тыкІэмкІэ сыарэзыщ. Сабий 25-рэ зыщІэс классым щебгъаджэмрэ еджакІуипщІым фІэкІа уадэмылажьмэрэ зэхуэдэ? Сыхьэт бжьыгъэ иІыгьымрэ иригъаджэр зыхуэдизмрэ теухуауэ щытщ егъэджакІуэм и улахуэр. Ику ину абыхэм я улахуэр сом мини 7.300-рэ мэхъу. КьищынэмыщІауэ, сабийхэм зэрадэлажьэм, дерсхэр кьызэрехъулІэм, иригъэкІуэкІ классущІэ сыкъэтхэм ельытауэ сом миниті нэхърэ мынэхъ машІэ зи улахуэм зыхуэщІыдгъу егъэджакІуэу 12 дилэщ. Абы егъэджакІуэм и лэжьэкІэр зыхуэдэм елъытауэ ахъшэ еттыну Іэмал кьыдет. Ар фІыуэ лажьэмэ, улахуэ нэхъыбэ кьихьынущ.

- Зыныу щІэныгъэ экзаменым дауэ зыхуэзгъэхъэзыра?

- ПЭжьр жьпІэмэ, апхуэдэ щІэныгъэ къэпщытэкІэр сабийхэми адэ-анэхэми зигу кьыдыхьэу яхэтыр мащІэщ. Ауэ дэ тхуэзэфІэкІрати, щхьэхуэу сыхьэт бжьыгъэ я Іуэхум хуэхтхри, 9-нэ, 11-нэ классхэм щІэсхэр экзаменхэм ядгъэхьэзэырщ, уеблэмэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэхэми дадгъэлэжащ.

Епсэлъар
щхьэщэмыщІ Иэзэщ.

Лэжьыгъэкіэ къызэрагъэпэщ

КъБР-м Щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныкІэ и кьэрал комитетым «Балигъыпі3 имыува ныбжьыщІэхэм щІалъэкІэ дэжьыгъэ кьахуэгъуэтын» программэ зэхигъэуващ.

АПХУЭДЭ Іуэхугъуэм и мурад нэхьащхьэ зыми и нэІэ щІэмыту сабийхэр уэрамым дэмыгъэтынырщ, ахэр пэжьыгъэм нэхъ пасэу дегъэхьэхэныр. КъищынэмыщІауэ, программэм мыхьэнэщхэу нІэщ унагъуэ бюджетым хэгъэхъуэныжкІи: мы ильэсым балигъыпІэ имыува ныбжьыщІэм и пжьыгъэм пэкІэ мазэ улахуэр сом 850-1250-рэ мэхъу. Лэжьапі3 ув сабийм ІныгьэкІ хуеіщ паспорт е нэгъуэщІ кьоэзыгъэщІыху дэфтэр гуэр, ильэс 14 - 15-м ит еджакІуэхэм я адэ-анэхэм Іэжьэну хуит кьызэращІам щыхьэт техьуэ тхьыть.

КъБР-м Щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ ГуГъуэт ФатІинэ зэрыжиІамкІэ, 2008 гъэм республикэм гъэкъапІэ щаІащ ныбжьыщІэ мини 5-м щІигъум, абы щыщу 400-р социальнэ и ІэныкьуэкІэ дэІэпыкьуэгъу зымыгъуэтхэрщ.

Балигъыпі3 имыувэхэр ІэнатІэкІэ кьыщцыхэзрагъэпэщкІэ ахэр зыпрагъэуэрэр ныбжьыщІэхэм я кьуэдзэ, зыпэлъэщыну лэжьыгъэхэрщ. Абыхэм ящыщу еджапІэхэм щекІуэкІ зэгъэпэщцыжмыкІыу Іуэхугъуэхэр. Хэку заутхэм хэкІэгъадахэм я фэлІпъ сынэр здэщыт щыІэпІэхэр зэпымыІухыныр, экологием и хабзэкэм тету щыналъэ щхьэхуэхэр гъэжьабзэныр.

Фыщ1эупщ1э хьунуц мы телефонхэмкІэ: 42-04-03, 42-19-05.

ЖАНЫМ Саидэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ

●Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Езэгъырабгъуу къаІэрохьэ

УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэмрэ зэхъэхъэныращ Іэмалыншагъэхэм дежьеделъ федерал центрыр зыдэІэпыкъуну щІыналъэ предприятхэм я спискэр.

АПХУЭДЭ фабрикэрэ заводу 1128-м Къэбэрдей-Балъкъэрым еІуэ 5 хагъэхьащ. Гугъуехьхэр кьалькъуэкІмэ, ахэр хуитщ льготэкІэ кредит кьыІахьыну, налог платежэр щатын хуей пІалъэр зыщІэщащхьу, щІыхуэхэм щэсыпІэ кьызэгъэрагъэпэщын папщІэ Урысейм и Правительствэм зыхуагъэзэну. НэгъуэщІу жьпІэмэ, ІэнатІэмрэ щІыхуэхэм я лэжьапІэхэмрэ яхъумэныжмкІэ федеральнэ центрыр щІэгъэкъуэн хъунущ. Предприятэм дэІэпыкъун зэрыуейр щІыналъэм и Іэтащхьэм лъэІу тхыгъэкІэ щІигъэбыдэн хуейщ.

Федеральнэ программэм хагъэхьаш оптикэ, электроІэмэпсымэхэр кьыщІэзыІэтхэ «Кавказкабель» кабельнэ завод» ЗАО-р, транспорт пкъыгъуэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ зыгъэхьэзыр «Автозапчасть» Бахъсэн завод» ОАО-р, металлургием елъжь, гъущІэхэІэхэр (синтетикэ налмэри хьхьэу), налмэхэм Іэмэпсымэхэр кьыщІэзыгъэкІ «Тэрч налмэх» ОАО-р, металлургием елъжь, аммониим и паравольфрамат, вольфрамым и трехокись, молибден концентрат зыгъэхьэзыр «Гидрометаллург» ОАО-р, машинэхэр, Іэмэпсымэхэр, щІыдагъэ, газ промышленностым папщІэ продукцэхэр, торцовэ уплотнителхэр кьыщІэзыгъэкІ «Налшык машинэуэхъэ завод» ОАО-р.

КЪАМЫЛЫКЪУЭ Дахэлинэ.

Лэскэн щІакхъуэр ӀофІакІуэ

●Ерыскъы промышленность радхэмрэ дыщыбгъэгъуэзамэ агат.

«Анзорей» производственнэ сату компаниер 1945 гъэм кьыгъэІуахащ. Щыізэрагъэпэщыж зэманым машІэу зэпигъэуа мыхьумэ, зэрауТІыпщэ кьэмыувІыІэу мэлажьэ. Адрей ІэнатІэхэмэ хуэдэу, зэ хьэжкІыныгъэм и пІьхъэнэм щІакхъ уэ гъэжьапІэр щытыкІэ гугъум нтащ; нэхъапэм сменщу лажьэу, сменэм зэрэзэу щІакхъуэ тонн 5-6 ягъажьэу щытамэ, ар куэдІэ нэхъ мащІэ хъуат, и фІагъми іэрых уат. Нобэрей щІакхъуэжьажьэр я ІэнатІэм гуГъэзагъэу зэрыбгъэдэтым и фІыгъкІэ, я Іуэхуэр ӀофІакІуэ.

Дэунэж Ларисэ 1985 гъэ лъэндзэр «Анзорей» Іуэхущ1апІэм щолажьэ, ильэситху хьуауэ щІакхъуэ гъэжьапІэм и унафэщІу. Нобэ ар ди псэльэгъуу:

- Ларисэ, республикэ псом и фІагъымкІэ щыІэрыІуэ фи Лэскэн щІакхъуэм и гъэхъэзырыкІэм щэху гуэрхэр хэль?

- Ди рецептым щэху гуэри хэлькьым. Унагъуэ щІакхъуэм и пщыкІэращ дызыкІэтыр: хъумбылІэ (хмель), щыгъу хъідолькьэри, пщагъэ гъущэ мыхьуу, псыІэкІэ допщ. Нэхьапэм ди щІакхъуэр ГОСТ-м хэту щытакьым, дыщІэльэІури, и цІэри зэрагъэхьэзырри кьэрал щапхъэм хагъэхьащ.

Хьумбылэр догъавэри хьамырыр (опарэр) догъэхьэзэыр. Ар нэхьапэм кьызэрагъэуэ щытащ. Иджы езыр-езыру тхуогъэхьэзэыр. Щыщхьэу маэзм, гулъхэр гъэгъа и уэкьІэ, зэхудохьэсри жьауэапІэм щыдогъэгъу, догъавэри хьамырыр абыкІэ догъэхьэзэыр. Щ1акхъуэр щытпщкІэ кьэзыгъэтэдж (разрыхлитель) хэдмылъхьэу, пщагъэ псыІэ кьыдогъэсэбэп. Апхуэдизу щакхъуэр упщмэ, тхьэмахуэкІи мыщащэу кьызэтгенэнуц. А Іэмалыр ильэс куэдкІэ мы щакхъуэ гъэжьапІэм щылэжьа Мэкъуауэ Линэ кьыдигъэщІэжащ.

- Нобэ фхуэзэфІэкІхэмрэ дяпэкІэ фи мурадхэмрэ дыщыбгъэгъуэзамэ агат.

- Іуэхущ1апІэр эзпІэкІыу щІэзыпхъэ. Ар зэрыІуахыжащ, Джатэжьейхэ Светланэрэ Русланрэ, Насып Жанетэ сымэ егугъуу щакхъуэр япщри, Іэфіу, мэгуакІуэ кьыхихыу яГъажьэ. Зы сменэм щакхъуэ мини 2-м щІигъу хьэкум кьрах.

Іуэхущ1апІэр бдэжэнду щытІэм и пщІэр ехужат, ауэ иужькІэ эзэтедблэжа гъэжьыгъэм эзэхъэныныгъэфІэхэр кьыдэлІуащ. Абы щыгъуэ упаку эри машІэ дыдэт. Ди щІакхъуэ эгъэжьэхэм нобэ ику иту сом мини 7 - 8 кьахь. Абы зыгъэгъусэркъым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

●Ди къалащхьэм



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ди щыхьэрым и уэрамэр дахэ, екІу зэрыхъум кьалэдэсхэми абы и хьэщІэхэми гу лъатащ. Ахэр нэ хъри екІу хъунущ мы махуэхэм «Налшык» банкым и Іэгъуэблагъэр зэгъэпэщыжьи яухмэ. Банкым екІуапІэ льэс лъагъуэм телъ асфальтыр кьытрахыжу ар плиткэкІэ кьызэрыращыкІыным иджыпсту ужь итщ.

●Зэпеуэхэр

Уэзгугъур кьогугъуж

Налшык кьалэм и администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмкі3 и кьудамэм «КъБР-м щІалэгъуалэм дэлажьэ и Іуэхущ1апІэ нэхъыфІ» республикэ зэпеуэм яиз увыпІэр кьыщыхьащ. Ар зэрыдгъэзэжащ КъБР-м Щ1алэгъуалэ Іуэхухэмрэ жылагьуэ зэгухьныгъэхэмкІэ и комитетым и ящрэдмкІэ.

«ИДЖЫПСТУ Налшык щопсэу щІалэгъуалэ дэу минищэм щІитУ. Абы кьинэмыщІа, республикэм и щІалэгъуалэр щеджэр мы кьалэрщ, Дауи, апхуэдизу кьарур фІымрэ дахэмрэ хузбунэтІынуи тыншкъым. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, ди щІалэгъуалэр щІэныгъэ дехьэх, абы кьыщыинэмыщІа, мыхьэнэшхуэ иІэу кьалытэ я кьэухьым зегъэужьыным. Къапщтэмэ, лъэпкъым и хабзэр, и щэнхабзэр, диныр, унагъуэм иІъ щэныр хъумэным зэрыхуІІэкъуэм уримыгуфІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Абы хуэгугъэабзэу зэрыщытри уасэнщэщ. Аращи, щІалэгъуалэм дадолъэкъныр, кьалэм щекІуэкІ дауэдапщэхэм жьыдэжу хэдгъэтыныр, гулъытэ хэха яхуэтщІыныр ди кьалэм иэхьышхьэщ», - жиІащ Налшык кьалэм и администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмкі3 и кьудамэм и унафэщІ Бачиевэ Анжелэ.

Налшык егъэджэныгъэмкІэ и департаментымрэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмкі3 и кьудамэмрэ эзэдолажьэ, кьалэ, республикэм зэпеуэхэр кьызэрагъэпэщ. Апхуэдизу «Налшык кьалэ и щІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэмрэ» «Сабий, ныбжьыщІэ жылагьуэ зэгухьэныгъэхэм я ассоциацэмрэ» зэщІыгъуу щІыуэпсыр гъэжьапІэм, афиняным пэщІэтынымкІэ теухуа Іуэхухэр кьызэрагъэпэщ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, зауэм и ветеранхэмрэ унагъуэ хуэмыщІахэмрэ ядоІэпыкъу. Ди гуапэ зэрыхъунщи, езы щІалэгъуалэм я жэрдэмкІэ Гъатхэпэм и 8-м екъуэхъащ зи закъуэу псэу бзылъхугъэхэм.

Лэжьыгъэ щхьэпэ зэфІэзых Іуэхущ1апІэм ЩІыхь тхылъ, сурэттехрэ ноутбукрэ тыгъэ хуащІащ.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

Экономикэ | Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Зыуэ щыт экзаменым и ныкъусаныгъэхэр къыщІагъэщ

● ЩІэныгъэ

Мы гъэм школыр къэзыухъумэрэ абыхъэм и ад-анэхэмрэ къабгъэдэкІыу Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм тхьэусыхафэ куэд щызэтриХьащ. Ахэр арэзыкъым Зыуэ щыт кэлэ экзаменыр зэрекІуэкІ щыкІэмрэ абы кІэрнкІуахэмкІэ.

Іуэхум дыкІэльополь

Зыуэ щыт къэрал экзаменыр мы гъэм Урысей Федерацэм и щІыналъэм щат накъыгъэм и 26-м щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 19 пщІондэ. Абы щиндзэм и пэ кІихуэу курыт ед-жаІэр къэзыух, абыхъэм я ад-анэ куэдым Суд Нэхъыщхьэм зыхуагъэзащ. 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м УФ-м ЕгъэджэнэгъэмрэР щІэныгъэмкІэ и министерствэм и унафэ №362-р икІуэтхэну къагъэуву. А унафэращ Зыуэ щыт экзаменыр зэрекІуэкІ щыкІэмкІэ и гъащІэр зэриунэтІыфынур. Ар щытлъагъуэм, мурад тІщІащ Зыуэ щыт экзаменым еХьэлІауэ материал ихьыбэ кІыхьэуэтхьэну, законхэр нэхъ кІуэу кІэптщытэжьыну. Дэ, кІапщтэмэ, кІыдгуроІуэ иджыри зэкамылъхъа икІи кІамыщта федералькІэ къэрал мардэхэр щымыІэу ар зи лъабжьэ кІэптщытэныгъэ ебгъэкІуэкІ зэрымыхъунур.

- ЖэуапткІуэу къэувар Юстицэмкі министерствэрэ?

- Абырэ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэмрэщ.

- Фэ фи фІэщыпэу фыщыгугъэр Зыуэ щыт экзаменым къарикІуахэр мы гъэм якъутэжыну?

- Ар иджыпсту ящІэмэ нэхъыфІщ, нужькІэ щІегъуэж нэхъ. Псоми я зэхуэдэ федеральнэ мардэхэр къащтэмэщ а Іуэхум пащэ щыхъунур.

- Куэдым къалъытэ фІыуэ еджахэм Зыуэ щыт экзаменым куэдІэмы-Іуэху. абы игъэщынэхэр щІэныгъэ тэмэм зэзымыгъэгъутыфахэрауэ.

- Ар пэжкъым. Зыуэ щыт экзаменым эзэрымыщІэкІэ Іэджи къыщыхъуфынущ. Итъэс пщыкІэкІэ фІуэ еджар викторинэм бгъакІуэу и насып къыкІынкІ щІыпІэ щыІэнущ фІэкІыпІэнщэу абыкІэ ІэкІыщытэну зыгъэзыв министерствэм и унафэр якъутэжын хуэфащ.

А Іуэхум ящІэу мэпыжьыхьым и 29-м Суд Нэхъыщхьэм щыхэпльащ. Абы къриІуахэм тхутепсэльыхьащ Комков Сергей.

Хэзыщыкіым дыхеГъэгъуазэ

- Фи пэІуКІэ Іуэхум щыхэпльэну пІалъэр судым нгъэІэпхъуащ. Ар къызыхэкІар сыт?

- Сэри зи дзыхь къызэзыгъэзэхэми гу лъыттащ Іуэхум и пэжыпІэр зэхигъэкІыну судыр зэрыхуэкІ.

СудыщІэкъм къагурыІуэм абы социальнэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи школыр кэзыух самый минищэм я гъащІэр зэриунэтІыфынур. Ар щытлъагъуэм, мурад тІщІащ Зыуэ щыт экзаменым еХьэлІауэ материал нэхъыбэ къызэхэтхьэсыну, законхэр нэхъ кІуэу кІэптщытэжьыну. Дэ, кІапщтэмэ, къыдгуроІуэ иджыри зэкамылъхъа икІи къамыщта федеральнэ къэрал мардэхэр щымыІэу ар зи лъабжьэ кІэптщытэныгъэ ебгъэкІуэкІ зэрымыхъунур.

- ЖэуапткІуэу къэувар Юстицэмкі министерствэрэ?

- Абырэ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэмрэщ.

- Фэ фи фІэщыпэу фыщыгугъэр Зыуэ щыт экзаменым къарикІуахэр мы гъэм якъутэжыну?

● Сату

Онищенкэ «ираутІыпщ»

Белоруссием къраша гъэшхэкІхэр Урысейм и щІыналъэм щащэну хуимыту Роспотребнадзорым къигъэуващ.

МЭЗКУУРЭ Минскрэ я зэхущытыкІэхэр зэзауэ боксеритІым ещхьщ - епщыкІуэнэ раунды ирихьэлІэу абыхэм къару щІагъуэ яІэжьхьм, ауэ зым и Іэпт1ымыр адрейм иреутІыпщ. Дэтхэнэми и хьэрхуэрэгъуэм и зи чэзу кІуэгъуэр фІы дыдэу ещІэ, «къуэш ІэпЛІэ» къыщІухуищІынури хэту...

Мис аргуэриуи Мэзкуу Минск «хэуащ». Ар куэдрэ къэхъу Іуэхуэгъуэщ, щІэщыгъуаГъи хэлъыжжьым. Ди къэралым и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий белорус гъэшхэкІхэр Урысейм къращэныр къызэтригъэувыІащ. Нэхъапэм а Іэмал дыдэхэмкІэ куржьхэр (шагъыркІэ), Прибалтикэм щыпсэуХэр (шпротхэмкІэ) «игъэсабыращ». АрщхьэкІэ, Лукашенкэ пэпльакъым Мэзкуу Онищенкэ къариутІыпщиным. Урысейм и санитар дохутырыр «ригым къызэрихьам» къоК хьэрхуэрэгъум псори зэриужьгъуэр икІи джэгур иригъэхьыну зэрыхуущІэкІэр.

Урысей-белорус зэхущытыкІэхэр зэрэзэщІэпльэнур гурыІуэгъуэт. ЩхьэусыгъуэрІи наІуэщ - Лукашенкэ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я къэрал щхьэхунтыныгъэр къимылъытам и закъуэкъым, атІэ КъухьэпІэм Іэм гъэтхьэгъуэ щІидзащ (къэлаптэмэ, Евросоюзым и «КъуэкІыпІэ зэдэлажьэныгъэ» программэм хьихьащ).

Зэуэзэпсэу бзэ жан зиІэ хъуэ УФ-м финансхэкІэ и министр Кудриным, псоми ягъэщІагъуэу, Белоруссием теухуауэ къемызэгъэ куэд жиІэу щІидзащ, а къэралым мыгувэу дефолт къызэрыпэплъэри хэту. Зигъэхъужмэ зэрыпэхъыфІыр къыхигъэщу, Батькэ абы жэуап къритащ. Губжьа Лукашенкэ Урысейм «Щэщэн етІуанэ» хуэхъуну щыжиІэм, Онищенкэ ираутІыпщащ.

Хьэлэмэтращи, Минск къригъашэ гъэшхэкІхэр мытемэму Республикэм жиІэркъым, апхуэдэу зэрыщымытыр дэтхэнэ лабораторэми къыщІигъэщыпущи. ПІэтъэнапІэр тхьалъмпІэ гуэрхэр и чэзум зэрыщэрамыгъэпщащ. Иджы белорусхэм доллар мелардхэр яфІокІуэщ.

ВОРСОБИН Владимир.
«Комсомольская правда».

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбечщ.

● Кавказым и тхыдэ

Щамил Іимамым и зауэмрэ мамырыгъэмрэ

Дунейм и тхыдэр зауэ мыухыжкІэ гъэнщІащ. Абыхэм ящыщІ Дагъыстанымрэ Щэщэнымрэ я Іимамму щыта Щамил иригъэкІуэкІар.

Тезырыр фІэкІыпІэнщэщ

Щамил Дагъыстаным и ещанэ Іимамму щытащ. Хьэмэтэ Іимамыр лІа иужькІэ ар куэдрэ я къулыкъым яхутеувакъым, ауэ, икІэм-икІэжьым, цыхубэм я лъэІу мыухыжьым и хьэтыр ильэгъуащ. Абы и унафэм щІигъэтыфащ бзэ зырыз зыІурыль, ящыныкъуэм и лъэ лІэн-кьэнэну зэщыхьаУ я зэбий лъэпкъ куэд. Урыс пащтыхьым пэщІэтыфын папщІэ Щамил зэкъуигъэувэ бгырыскэр псальэмакъыншэу кьедаІуэрт, армырауи идэнутэкъым. И псальэм ебэкъуахэр щысхынышэу зэтрикуІэрт, я псэуалъэхэр зэригъасхьэрт. Кьуэншэ дзэпщэм я щхьэр пиупщІрт, фадэ ефахэр е дыгъуаехэр мащэм ирадзэрти, мывжкІэ ираукІыхьырт. Ардыдэр кьапэплъэрт зи щхьэгъусэм енцІыжа цыхубзхэми.

Іимамыр псом хуэмыдэу хуэзгущІэгъуншэт пащтыхьыдзэм пыщІэныгъэ гуэрхэр хузиІэхэм. Псоми ялъагъун папщІэ апхуэдэхэм я хьэдэхэр кІуапІэхэм щыфІадзэрт. Кьапщтэмэ, бийм щІакІуэ езыща лищым я хьэдэр урысыдзэм зэфэну псыр щригъахьуэ щІыпІэм и деж щыфІригъэщІащ.

Тезырыр зэрыфІэкІыпІэнщэр хьэкъ ящищыкІ папщІэ, Іу лъхьэ къыІихуэу гурыщІхьуэ зыхуащІа и анэр чищэ кьеуэну утыку кърыригъэщащ. Удынитху нэужьым ар мэхати, кьэна бгъуЦІэр тхур езы Щамил ирагъэщ.

ТепльэкІэ абрагъуэу щымытми, ар хуабжьу кьаруу уфІэт икІи бэшэт. Гъэр щащІам ирихьэлІэу абы сэ уІэгъэу 19-рэ фоч уапІэу 3-рэ и щыфІэм телът Гимри къуажэр къышІытІысыхьам, и джабэр зэрыпхаудам хуэдэу Іимамыр биИхэм яІэщІкІащ.

Шэшэн жьылагъуэм щыпсэухэр хуабжьу зыгъэгулэз абрэджьыр щІэсабыпІэну зэгуэрым щыухэр кьельэІауэ ягъэхьыбарыж. Щамил ар кьриджэри, гупсэхуу куэдрэ епсэльащ, щэпхьаджагъэ лэжьыныр Іэщыбэ иригъэщІыну щыгугъуу.

АрщхьэкІэ абрэджьыр увыІакъым. Арати, иригъэубыдри, Іэпхльхэпх иригъэщІащ икІи и нэхэр иригъэщІыкІри, Іимамыр зэщІэльым къэкІуащ икІи жеІуэ щыльым къаиэр хиІуу щІидзащ. УІэгъэ хьэлъэ зэрыхьэрам хуэдэу Щамил абрэджьыр зэщІиубыдащ икІи иІлащ.

Къэбэрдеи кІууэ зэрыщытар

Іэщэкъ зэщІэуэзда гупышхуэ щыгъуу Щамил тІэунейрэ Къэбэрдеим зекІуэ щыІащ. Мыбы щиІэт къыдзыщхэри нахуэу къыпэщІэтхэри. И ІуэхущІафхэр итхьжу Щамил игъуэ Тэхьмир-Мухьэмэд альКъарахи щыхьэт зэрытехьуэмкІэ, Къэбэрдеим кьикІыу Іимамым тхьгъэ куэд іэрыхьэрт, щэрихьэтым и хабзэкэр я щІыпІэм щигъэувыну щІэлъэІуу.

АрщхьэкІэ ар егъэлеяуэ зэрыгущІэгъунщэм щыхуэхэр ІуигъэщтыкІащ. 1840 гъэм япэу Къэбэрдеим щихьам абы Мэздэгу и деж щэрджэсхэр къащыпэуващ. А Іуэхугъэуэм игъэгубжьа Іимамым адыгэ зауэлІ цІэрыІуэ икІи пщІэшхуэ зиІэ Астемыр Кьуэдберды-Хьэжы и цхьэгъуэдзхэу кьалытащ икІи абы и ужькІэ Іимамым и бийхэм зэщыщыкІыу хэхъуащ.

ЕтІуанэ зекІуэр 1846 гъэм хуэзащ. Шууей, лъэсыдзэшхуэ, топибл щыгъуу Тэрч зэпрыкІри, Къэбэр деим ихьащ. Шэрихьэтыр быдзу щигъэувыху абы щыІэну Щамил и мурадащ, Аль-Къарахи кьыІэрІуэтэжамкІэ, Іимамыр кьыІэркьІуар кьыІэращІэу, я унагъ уэхэмрэ Іэщыпмрэ бгым ягъэпхьуэри, кьэбэрдейхэр гупышхуэу абы и дзэм хьихьэу хуежьащ. Щамил и лъэныкъуэ хьуащ адыгэ уэркъ куэд, Голицын джьнаэшым къыбэрдей шууей нэхъ Іаээу кьилытэу щыта Анзор Мурзэкэ-Мырзэ яхэту. АрщхьэкІэ Іимамым и тКІиягъымрэ гущІэгъунщагъымрэ къэбэрдейхэр аргуэру кьапигъэщащ. Анзор Хьэту и кІуаЖэмрэ, гъунапкъэм щыпсэу адыгэ жылагъуэхэрэ зэфэгъасхьэу абыхэм дзасхэм я Іэщэр нэпибхэм яхуа иужькІэ, Щамил Къэбэрдеим щІигъэкъуэн щІэжакъым.

Абы и щыхьэтыр ар пІащІэгъэкІэ щэхуу зэрикІыжар. Аль-Къарахи зэриткъыжкамкІэ, пщыхьэщхьэм Іимамым и деж адыгэпщ цІэрыІуэ къэкІуащ. Пщым тыгъэу шы лъэпкъыфІ, кьыхуищІащ, кІыхьу кьепсэльащ икІи Къэбэрдейр ибгынэмэ ІэщэхьыфымкІэ чэнджэщ кьритащ. Щамил абы жэуап иритакъым, ауэ нэху мышу зыІэщІикьуэри, и щыпІэм кІуэжащ.

Унагъуэр

Щамил Іимамым и гъащІэм кьрибыдэу фызу 8 иІащ, ауэ тІу нэхъыбэ зэуэ иригъэсакъым. Нэхьыбэр абы и гъащІэ хьэлъэр - сыт щыгъуэ зэхэзекІуэр, бэнэныгъэкІэ гъэнщІар - яхуэмыхьу лІащ. Щамил бынипщІ иІащ: кьуитхуэрэ пхьуитхуэрэ. И кьуэ нэхъыжь Жэмал-Эддин анэмэту урыс пащтыхьым иІыгъащ. Николай Е.ванэ пащтыхьым ар сыт щыгъуи и нэЗ щигъэтащ, и унагъуэми хигъэхьащ. 1854 гъэм кьигъэзэжа пэтми, чыристан хабзэмрэ европей щэнхабзэмрэ щІапІыкІа щІалэр и адэм кьуэувэфакъым.

Іимамым и бынхэм щІэныгъэ езыгъэгъуэтар Оваринск Ивановичыщ. Иужькіэ ар Дагъыстаным иІэпхъуКІри, Къэбэрдеим Іэпхьуащ. Анзор Хьэту и кьуажэм щыпсэуащ икІи абы икІри гъэру Калугэ щыІэ Щамил и деж щІэупщІакІуэ кІуАуэ щытащ.

Гъэрыпіэм зэритар

Илъэс куэдкІэ ирагъэкІуэкІа зауэм зи къарур щІилъэсыкІа Щамил и дзэм Гъу эныбэ жылагъуэм 1859 гъэм зыщигъэбыдащ. Зыкъитмэ, езыми и унагъуэми я гугъу имыщІну Барятинский джьнаэзым абы хуигъэуващ. Арати, 1859 гъэм щыщхьэІуэ и 26-м, Александр ЕтІуанэр пащтыхьыгъуэм щытеуэз махуэм, Дагъыстанымрэ ЩэщэнымрэР яещанэ Іимамым зитащ.

Барятинский джьнаэзыр пщІэшхуэ кьыхуищІу абы кьыпежащ. Уеблэмэ Щамил и Іэщэр зыпщІыхригъэхакъым. Абы ищІыІужкІэ, Барятинскэм кьыбгъэдзэкІыу гуфІапщІэу мыщэ фІыцІэм и фэм кьыхащІыкІауэ сом минищ и уасэ джэдыгу Іимамым ираташ, и фызхэм, и бынхэм, нысэхэм тыгъэ льапІэхэр хуащІащ. Иужькіэ ар Санкт-Петербургэ яшащ, и унафэр пащтыхьым ирагъэщІну. Александр ЕтІуанэр кьыщІихуэхэм абы ІэплІэ гуапэ кьыхэхущІащ икІи и гъусэу урысыдзэр кьригъэпльыкъащ.

Пащтыхьым и унэтІэнэм Щамил тхьэмахуитКІэ щагъэхьэщІащ. ИужькІэ Калугэ щыпсэуну трауху эри, 1860 гъэм и пэщІэдзэм и унагъуэр, щхьэхъунэхэр, унэцІутхэр и гъусэу абы яшащ. Пенсэшхуэ хуагъэувауэ я кьатищу зэтет унэм зыхуей щымыщІэу щыпсэуащ.

Щамил Іимамыр Калугэ и ильэсибгъуэкІэ дэсащ. Абы и ужькІэ, кьигъэзэжыну псальэ ирагъэтри, хьэжыщІ Мэчэм яутІипщащ. Хьэжыр зэфІэкІауэ ар, и ныбжьыр илъэс 73-м итц, абы щылІащ. Мухьэмэд беГьымбар льапІэм и хьэдащхьэм пэмыжьжьэу Мэдинэ щыщІалъхьащ.

ЭРИДАН Инам.
«Московский комсомолец».

● Ипщэ щІынатІэм щыхъыбархэр

Мэзкуу къраша орденхэр хуагъэфащэ

ОСЕТИЕ ИЩХЪЭРЭ-АЛАНИЕ. ***Хабзэхъумэ, суд Іэнатіэхэм ядэлэжьэнымкІэ пхъэпкъ комитетым и ліыкІуэхэр мы республикэм щІэлъащ.***

ХьэщІэ лъапІэхэр псом япэу Бесльэн къаблэм щыІащ икІи абы дэт еджапІэр террористхэм къыщыІэщІагъэкІыжьым хэкІуэдахэм я фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхащ. Абы и ужькІэ Мэзкуу къикІахэр Владикавказ кІуащ икІи къыздаша тыгъэ лъапІэхэр ягуэшащ.

Лъэпкъ комитетым и унафэщІ, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт Абакумов Сергей Осетие Ищхъэрэ-Аланием и президент Мамсуров Таймураз «Жылагъуэ къэлъэтэныгъэ» орденыр иритащ.

Азием щыпсэу муслъымэнхэм я комитет

ШЭШЭН. ***Мыгувэу республикэм къыщыІэІуахынущ «Азием щыпсэу муслъымэнхэм я комитет». Жылагъуэ зэгухьэныгъэм и хэщІапІэ.***

Дин Іуэхуэхэмкіэ министерствэм ирегъэблагъэуэ иджыблагъэ Курвейтым щыщыІам Щэшэн Республикэм и муфтий Мирзаев СультІан-хьэжы апхуэдэ зэгурыІуэныгъэм Іэ тридзащ. Щэшэнхэмрэ Азием щыпсэу муслъымэнхэмрэ я зэпыщІэныгъэмкІэ ар сэбэп хъуну къалытащ.

Хьэмэмыр я зэхуэсыпІэт

РОСТОВ СЕЛЭПС. ***ІлІэхъаджащІэ гуп иджыблагъэ Дон Іус Ростов и хьэмэмхэм ящыщ зым щаубыдащ.***

- Иужьрей лъэхъэнэм хабзэ зэрыхьуауэ, щІэпхъаджащІэ гупым хэтт спецназым и лэжьакІуэ, щхьэхъумэ Іэнатіэм Іут, спорт пІэужьыныгъэ зыбжанэмкІэ спортым и мастер щІалэ Іэчлъэчхэр, - жиІащ Кавказ Ищхъэрэ транспорт управленэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафащІым. - Дон Іус Ростов и псы кхъухь тедзапІэм и Іуэхущ1апІэхэм ящыщ зым ахэр Іэщэ яІыгъыу теуат икІи мылькъушхуэ зыІэрагъэхэри загъэнщІыжат.

Куэд дэмыкІыу щІэпхъаджащІэхэр яубыдащ. «ГугъуэхьакІуэхэр» псори хьэмэмым щызэхуэсат икІи абыхэм я гугъакъым я лъэужьым апхуэдэу псынщІэу техьэнІауэ.

Хьэуа къабзэм щІохъуэпс

КРАСНОДАР КРАЙ. ***Автомобилу щызэблэкІым и куэдагъкІэ мы щыпІэр къаралым щыетІуанэщ икІи, дауи, абыхэм хьэуар хуаІэжьу яуцІэпІ.***

Крайм и гъэзугъэм иджыпсту автомашинэ мелуанэр ми 600-рэ щызэкІуэ. Гъэмахуэ курорт зыгъэпсэхугъуэм и пхъэхэмэм дбыхэм иджыри мин 70-м щІигъу къахохьэ. А псор къилъытэри, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ къэрал экологиекІэпльапІныгъэмкІэ департаментымрэ ящІэнэ-краснодардзэхэм къахуэнэжыну къыщІэкІынщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Къэхъукъащ1э

Президентыр кІэлъополь

Интернетым щІэ напэкІуэцІым ягъэхьа тхыгъэхэм ящыщ зым Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий иджыблагъэ игъэпейтеящ.

СЫХЬЭТЫМ къриубыдэу километр 200 зи псынщІагъыу кІуэ «Мерседес» автомашинэр Краснодар къалэм дзт, Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ сыным якъэотъадэри, МафІэ мыужьыкІыр зэтрикъутащ, сыН зытІущи здихьащ.

Іуэхур къыщыхьуар нэгъабэ и щэкІуэгъуэ мазэрщ. Абы гъэнщІэ ЗЭманыфІ дэкІа пэтми, ахэр зыми зэригъэпэщыжакъым. Уеблэмэ ТекІуэныгъэм и махуэр щагъэпльапІэм удз гъэгъахэр зытратльэхьи куэдым яГуэтакъым икІи ветеранхэм ар хуабжьу я жагъуэ хъуащ.

Хьыбар зыІэрыхьа Президентым Краснодар краймрэ и губернаторым занщІэу Іуэхущ1ащ. Фэеплъ сынри МафІэ мыужьыкІыр зэтрикъутащ, сыН зытІущи здихьащ.

Іуэхур къыщыхьуар нэгъабэ и щэкІуэгъуэ мазэрщ. Абы гъэнщІэ ЗЭманыфІ дэкІа пэтми, ахэр зыми зэригъэпэщыжакъым. Уеблэмэ ТекІуэныгъэм и махуэр щагъэпльапІэм удз гъэгъахэр зытратльэхьи куэдым яГуэтакъым икІи ветеранхэм ар хуабжьу я жагъуэ хъуащ.

Хьыбар зыІэрыхьа Президентым Краснодар краймрэ и губернаторым занщІэу Іуэхущ1ащ. Фэеплъ сынри МафІэ мыужьыкІыр щІэх ямыльагъэкІуэ зэрыщыщІидза мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлІэу зэфІагъэувэжынущ.

МАРКИН Владимир.
«Северный Кавказ».

Мысыр къумым псы щІагъэлъадэ

● Хьэлэмэтщ

Чилим и «Crystal Lagoons» компаниемкІэ хьыбар зэрызэбгрилъэхамкІэ, мы гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм и проектыщІэ гъуэзэджэ игъэзэщІэн иухынурэ, Мысырым и къумым дунейм щынэхь ин дыдэ псы игъэльэдапІэ (бассейн) къыщыунэхунущ.

Ар тенджжы Плъыжьым километрищкІэ къыпыІуахуэ щауэу «Кьалэхэм я вагъуэ» хьэщІищ-изгъэгъуэжь комплексым и зы Іыхьэу щытынущ икІи Шарм-эль-Шейх курорт щІэрІуэм хьихьэнущ. Псы игъэльэдапІэ Іэрыщ1ыи и инагъыр гектари 8,8-рэ мэхъу. Абы итынур зы дагъуи зыхуэмышІыфынну, уеблэмэ узэфэхьуну псы кьабзаб-зэщ.

«Кьалэхэм я вагъуэ» проектым ипкъ иткІэ, Чилим кьикІахэм вагъуитху мыхьэнэ зиІэ отелхэр, псэупІэ унэ мин 30-м иблагъэ, музей, сату центр яухуэнущ. Проектым текІуэдэнщ доллар меларди 5,5-рэ. Апхуэдэ гухунытхэхэр Мысырым и адрей курорт щІэрыІуэхэми щрагъэкІуэкІыну я мурадщ.

«Экспо планета» журнал.

Урысейхэм Америкэр ящэху

● Мылъку

Урысейм и мелуанырибжьхэм ямыгъэІэпхъуэ мылькур гужьеиу дунейм псом щызыІэрагъэхьэ. Псом хуэмыдэу Америкэм, Болгариеи, Черногориеи абыхэм куэду къыщащэху псэуалъэхэр, унэхэр, щІыхэр. Ренлторхэм зэрыжаІэмкІэ, а щІыпІэхэм ахэр иджыпсту щыпущІ, мыгувэу егъэлеяуэ лъапІэ щыІэныгъэ.

ИДЖЫПСТУ къэтщэхун хьэмэ иджыри дыпэплъэн - мэчэнджащэ щхэуакІуэхэр. Абы екъулаІуэ ренлторхэм я жэуапыр щхэырц: нэхъыфІыжьым ущІежьэн щыІэ-кІыхьэн. Хэт захуэми, бжьыхьэм зэхэкІынущ, ауэ ноби зыкъом наІуэщ.

ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкуу ящІэнэ-кІыхьэн щыщІауэ Іуэху зезыгъакІуэ «Gordon Rock» компанием къыщІритымкІэ, урысей щхэуакІуэхэр нэхъыбэу зыщІэупщІэр Болгариерщ.

- Ар икІи гурыІуэгъуэщ. Бзэр зыкъомкІэ зэтохуэ, жьыжьэкъым, уеІуэну пудщ, визэ къеІыпхыну тыншщ, метр зэбгъузэнатІэм хуэзэу унэхэм я уасэр евр 500-м къыщыщІедзэ, - жеІэ компаниемрэ и унафэщІ Зингель Станислав. - А псоми ди хэкуэгъуэр дахьэх.

Мы гъэр къызэрихьэрэ ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и уасэр Болгарием процент 20 - 25-кІэ щекуэхащ. АрщхьэкІэ ар къыщыхьуар къалэщхуэхэрщ. Тенджьз Іуфэм уасэр нэхъ пуд зэрыщыхьуар процентэ 5 - 7-щ.

ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкум и уасэр Америкэм апхуэдизу къыщІехуэхащи, адэкІэ здзэкІуэн щымыІэу къыпфІощІ.

- Кризисым зэрыщІидзэрэ США-м унэхэр хуэдитІкІэ нэхъ пуд щыхьуащ, - пещэ Зингель. - Араущи, мылъку зиІэу дуней псом щыІэр абыкІэ йоІэ. Псом япэ итыр, дауи, Урысейм щыщхэрщ. Нэхъапэм а Іуэхугъуэм пашэныгъэр щызыІыгъа инджьлызхэр абыхэм ядгъэпльыжьркъым.

Ди хэкуэгъуэхэр хуабжьу дехьэх Флориде хуабэм. Абы ямыгъэІэпхъуэ мылъку иджыпсту щызэзыгъэгуэтхэм я нэкъуэр Урысейм щыщхэщ. АдэкІэ къыкІэльокІуэ Майями, Калифорние, Лос-Анджелес.

Болгариемрэ Америкэм и Штат Зигуэтхэмрэ кьищынэмыщІауэ, урысей мелуанрыбжьхэм ящІэрІуэ уиухэр, псэуалъэхэр, щІыхэр щызыІэрагъэхьэ Черногориеи, Чехиеи, Португалиеи. Абыхэми ди щІыхэр дзэзыхьэх Іэмалхэр куэду щыІэщ.

Израильр урысейхэр нэхъ зыщІэупщІэ къэралитхэм хуэхакъым. Ауэ ренлторхэм къызрадытэмкІэ, ар мылъкуу къаухуну. Абы и щыхьэтщ Урысей Федерацэм икІаХэр визэнщІэу ирагъэхьэну мы къэралым унафэ къыщащта нужькІэ, ямыгъэІэпхъуэ мылъкуу ди хэкуэгъуэхэм кьащэхуам зэрыщІэкІэ зэрыхьэхьар. Ар щІэдзапІэу аращ. Яныныкъуэ-зэм къызэрадытэмкІэ, мы ильэсым и кІэм ирихьэлІэу урысей мин 200-м журт щыІнатІэм псэупІэ къыщащэхунущ.

Хьэлэмэтращи, ипотекэ программэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэтрагъэувыІа пэтми, ди щІыхэм ямыгъэІэпхъуэ мылъкур гугъу ямыхьащІу зыГрагъахьэф. Щхьэусыгъуэр - зи гугъу тщІа хамэ къарадхэм ухуэмыІэгъэщІэн щхэыгъэкІэкІэхэм я деж пІалъэ кІыхькІэ уасэр иратыжу псэуальэхэр къыщащэху зэррыхьурщ. Зэрагъэувэм щхьэкІэ ахьшэ лей иратыныи къыпаубыдыркъым. Ахэр щхэухакІуэхэр кьыдзэхьэх, ухуэныгъэм зезыгъэубгъу Іуэхугъуэхэщ.

Абы щыгъэми, унэ льапІэхэм я уасэр Ищджыльым хуабжьу щыдзуещ. Ар «зи фІыгъэр» Урысейм щыщ щэхуакІуэхэрщ. Зыхуейр зыІэрагъэхьэн папщІэ ахэр я мылъку еблэжьыни щыІэкъым - ар абыхэм тыншу кьаІэрохьэ.

АРОНОВ Алексей.
«Известия».

Мыгувэу щІэныгъэ

Тенджэныгъэ щІэнщІар - яхуэмыхьу лІащ.

Щамил бынипщІ иІащ: кьуитхуэрэ пхьуитхуэрэ. И кьуэ нэхъыжь Жэмал-Эддин анэмэту урыс пащтыхьым иІыгъащ. Николай Е.ванэ пащтыхьым ар сыт щыгъуи и нэЗ щигъэтащ, и унагъуэми хигъэхьащ. 1854 гъэм кьигъэзэжа пэтми, чыристан хабзэмрэ европей щэнхабзэмрэ щІапІыкІа щІалэр и адэм кьуэувэфакъым.

Іимамым и бынхэм щІэныгъэ езыгъэгъуэтар Оваринск Ивановичыщ. Иужькіэ ар Дагъыстаным иІэпхъуКІри, Къэбэрдеим Іэпхьуащ. Анзор Хьэту и кьуажэм щыпсэуащ икІи абы икІри гъэру Калугэ щыІэ Щамил и деж щІэупщІакІуэ кІуАуэ щытащ.

Гъэрыпіэм зэритар

Илъэс куэдкІэ ирагъэкІуэкІа зауэм зи къарур щІилъэсыкІа Щамил и дзэм Гъу эныбэ жылагъуэм 1859 гъэм зыщигъэбыдащ. Зыкъитмэ, езыми и унагъуэми я гугъу имыщІну Барятинский джьнаэзым абы хуигъэуващ. Арати, 1859 гъэм щыщхьэІуэ и 26-м, Александр ЕтІуанэр пащтыхьыгъуэм щытеуэз махуэм, Дагъыстанымрэ ЩэщэнымрэР яещанэ Іимамым зитащ.

Барятинский джьнаэзыр пщІэшхуэ кьыхуищІу абы кьыпежащ. Уеблэмэ Щамил и Іэщэр зыпщІыхригъэхакъым. Абы ищІыІужкІэ, Барятинскэм кьыбгъэдзэкІыу гуфІапщІэу мыщэ фІыцІэм и фэм кьыхащІыкІауэ сом минищ и уасэ джэдыгу Іимамым ираташ, и фызхэм, и бынхэм, нысэхэм тыгъэ льапІэхэр хуащІащ. Иужькіэ ар Санкт-Петербургэ яшащ, и унафэр пащтыхьым ирагъэщІну. Александр ЕтІуанэр кьыщІихуэхэм абы ІэплІэ гуапэ кьыхэхущІащ икІи и гъусэу урысыдзэр кьригъэпльыкъащ.

Пащтыхьым и унэтІэнэм Щамил тхьэмахуитКІэ щагъэхьэщІащ. ИужькіэКалугэ щыпсэуну трауху эри, 1860 гъэм и пэщІэдзэм и унагъуэр, щхьэхъунэхэр, унэцІутхэр и гъусэу абы яшащ. Пенсэшхуэ хуагъэувауэ я кьатищу зэтет унэм зыхуей щымыщІэу щыпсэуащ.

Щамил Іимамыр Калугэ и ильэсибгъуэкІэ дэсащ. Абы и ужькІэ, кьигъэзэжыну псальэ ирагъэтри, хьэжыщІ Мэчэм яутІипщащ. Хьэжыр зэфІэкІауэ ар, и ныбжьыр илъэс 73-м итц, абы щылІащ. Мухьэмэд беГьымбар льапІэм и хьэдащхьэм пэмыжьжьэу Мэдинэ щыщІалъхьащ.

ЭРИДАН Инам.
«Московский комсомолец».

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
Редакцэм и унафэщІ Тхьэмадэ Къазбек
Редакцэм и унафэщІ щІалэ Мурат
Редакцэм и унафэщІ щІалэ Аслан
Редакцэм и унафэщІ щІалэ Аслан
Редакцэм и унафэщІ щІалэ Аслан

●Ди псэлъэгъуэхэр

щОДЖЭН ФАТІИМЭ: Ди деж щеджэхэм Іэмал куэд къахуІыдогъэпэщ

***Потребительскэ кооперацэм и университету Белгород дэтым и къудамэ Пашлык къалэ къызэрыщІэзыІуахрэ итъэсиныгьэм нэбгырэщ. Абы щІэныгьэ нэхъыщхьэ курыт щІэныгьи щрагъэгъуэт. Экономикэм ехьэлІа Іуэхуэхэр нэмъ псыхьщІэу, къызыхуэтъыпсыжу зэфІэкІ зэзыгъэсэну хуейхэм, бухгалтерскэ учетымкІэ, аудитымкІэ, финансхэмкІэ, кредитымкІэ, экономикэмрэ правэмкІэ, социальнэ пэмыжыгъэмкІэ, менеджментымкІэ ЗэфІэкІ зэлІэнэ нэс хъуну щІэхъуэпсхэм я дежкІэ и бжэр зэІуахащ а еджапІэм.**

АБы къЫщІИГЪЭКІА Іэщагъэлэ Іэр ди республикэми Урысейм и нэгъуэщІ къалэхэми Іэнатіэ хъарзынэкэ щыпэрытщ, дэтхэнэми и пщэ кьыдэхуэ кьалэныр жэуапльныгъэрэ Іэзагърэ пылъу и пІэзэашІэу. Мы маХуэ хэм зи студентхэр зыгъэпсэхугъуэ пІалъэм зыгъакІуэ, дяпэкІэ кьыщІэтІысхьэжъэм захуэзыгъэхьэзыр едкапІэм и Іуэху зехьэкІэр, абы щкІуэкІ Іэжьыгъэм кьызэзыІуахьэ зэдгъэщІэн мурадКІэ дэ зыхуэдгъэзащ Потребительскэ кооперацэм и университету Белгород дэтым Пашлык щІэ къудамэм и унафэщІ Щоджэн ФатІимэ.

- ФатІимэ, псом япэу Белгород университетым и къудамэ Пашлык къыщІэІуахьи хуей щІэрыхъуам, ар зэрызэгІэуващІыкІэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- ИтІанэсэпищІкІэ узэІэбгъкІыжмэ, потребкооперацэмкІэ Іэщагъэлэ Іэр республикэм зэриращІэм кьыхэкІкІэ, щІэныгьэ нэхъыщхьэ зиІэ щІыхуэхэр игъэхьэзыр ехуэдэу Пашлык дэт техникумыр университет гуэрым ептхьи хуейуэ унафэ кьащтащ. 2000 гъэм абы Іэ традзащ Къббалъкъпотребсоюзымрэ УФ-м и Центрсоюзымрэ. Белгород дэт университетым драпхьи хуэит щІыхьар абы и къудамэхэр куэд щІауэ щыІнатІэ зэхуэмыдэхэм зэрыщІгъэлажьэрщ. А лъэхъэнэм абы и филиалхэр кьыщыІэзыІуахат Ставрополь, Буйнакск, Краснодар, Липецк, Курск, Воронеж, Калининград, кьалэхэм. Абы щІэныгьэ зиІэ щІыхуэхэр дыдейри. Кьащтэмэ, дэ дыІэпхэ едкапІэр экономикэмкІэ Урысейм щынэхьыфІ едкапІэпІщым хохьэ. Абы Іэщагъэ 23-м щыхурагъаджэ, бакалаврэ 3-р унэтІыныгьэпщкІэ, магистрэр унэтІыныгьийкІэ щагъэхьэзыр. Псори зэхэту студент мин 27-м щигъуэм щІэныгьэ щызырагъэгъуэт.

- Сыт хуэдэ факультетхэр фиІэ? Іэщагъэ дапщэм хуеинагъаджэр?

- Пашлык дэт къудамэм факультетитІрэ кафедрипІрэ иІэщ. Курыт щІэныгъэ щрат факультетым юрист, бухгалтер, менеджерэр кьыщІегъэкІ. ЩІэныгьэ нэхъыщхьэ щызырагъэгъуэт факультетым иІэщ социальнэ гъэкьыгъэ, финансхэмрэ кредитымрэ, бухгалтер учет, анализ, аудит, Іуэхущ Іапі эм и менеджмент Іэщ Іагъэхэм щыхурагъаджэ кьудамэхэр. Апхуэдэуи, экономикэмкІэ, менеджментымкІэ бакалаврхэр догъэхьэзыр.

2009 гъэм щегъэжьауэ, дэтхэнэ едкапІэми хуэдэу, Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэм кьриІыхахэмкІэ студентхэр кьызэрыщтэнэр. Мыбы кьакІуэу экзамен щызыптыну курыт школыр ипэ илъэсхэм кьэзыухахэращ, апхуэдэуи щІэныгъэ курыт, е нэхъыщхьэ иІэу етІуанэр эззыгъэгъэутыну хуейхэращ. Ахэри, абы щІэныгьэм ельытауэ, пІалъэ нэхъ кІэщІкІэ игодгъаджэ.

Экономистыр, юристыр куэд хъуащ жаІэу топсэлъыхь щыхуэхэр. Сэ сызэрепльмыкІэ, ахэр зэи ІейхунрикьыкІ. Щыхуэм и гъэщІэгъэн зэрыхуейуэ нубзыхун, хэралым зиужьын папщІэ апхуэдэ щІэныгъэ псоми яІэныр зэрыхьэн.

Ди едкапІэр кьэзыухахэм яхэтщ Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщІ кьалэпхъэхэм пщІэ яІэу щылажьэхэр, ди деж щІэса куэдым я щІэныгьэм щыхагъахьуэ икІи егъэджакІуэу щолажьэ Белгород дэт езыу университетым. Кьащтэмэ, мы гъэм щыку 16 аспирантурэм щІэтІысхьащ. Абы аспирантурэ, докторантурэ иІэщи, едкэжным пызыщІэну хуейхэр гугъу ехьырыкъым.

- Белгород дэт университетым кьалэ зыхуэмыдэхэм щигъэжьажьэ кьудамэхэм я деж сыт хуэдэ увыпІэ щывыбдырэ фи лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкІэкІэ, финансым и инагъкІэ?

- Университетым и кьудамэу кьалэжьэм я унафэщІэхэри лэжьакІуэхэри жэуапльныгъэшхэу пылъу я Іэнатіэм пэрытщ. Дэтхэнэми и едкапІэр игъэкІэ зэриІэтхэщ, абы зэрызригъэуужьыну кьалэпІэ нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжьыр. Абы ипкъ иткІэ, псори зэщхьу лажьэу схужьІэнущ. Аущ едкапІэм и инагъкІэ, егъэджакІуэм, студент- хэм я бжьгъэкІэ кьапщтэмэ, нэхъ пъэрыІэхьэр Курск, Ставрополь дэтхэращ. Дэ ику диту жыпІэ хьунущ.

Ди деж щоджэ сабий 1200-рэ, абыхэм ядолажьэ егъэджакІуэ 60-м щигъу. А 60-м щыщу процент 78-р щІэныгъэхэм я кандидатщ е щІэныгьэхэм я докторщ. Ар университетым кьытхуигъэув мардэм зыкьомкІэ щІегъу. Иджыри диІэхэщ ди кандидат, доктор диссертацыхэр хьэзыр хуауэ мы гъэм пхъыбгъэкІынуэр. Ди егъэджакІуэхэм яхэтщ потребительскэ кооперацэмкІэ Москва дэт университетыр, дэ дыІэпхэ Белгород университетыр кьэзыухэ куэд.

- ФатІимэ, къэралым имей едкапІэхэм я Іуэхур зэрызэтегъуэтыжу щІэнэ щІэнтын хуейр дапщэ? Абы кьыхэкІ мыткьур дауэ кьэвгъэзэсэнри?

- Хасэм гъэ кьэс зехьэжь, ауэ 2008 - 2009 гъэ едкэгъэм тепщІыхьмэ, щІэныгьэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт факультетым очнэу щеджкэм сом мин 28,5-рэ, заочнэ кьудамэм щІэсхэм сом мин 21-рэ ират. Курыт Іэщ Іагъэм щыхуагъэхьэзыр факультетым сом 18.900-рэ махуэрыеджэ хэм, сом 13.500-рэ заочнэу едкэхэм щІат. Ахэр щыдубзыхум и дежи ягъ ирагъэщІыр ди едкапІэхэм я адэ-анэхэм уасэр кьызэрытемыхьэлъэнырщ. Ахьшэр псори зэгъуэсэу, тІуэу гуэшауэ, е щыуэ зэщхьэщыхаэу кьыдат хьунущ, ар кьыщагъэльэгъуэн хуейщ кьыщыщІэтыжьхэм и деж зэтщІылІэ зэгурыІуэныгьэм.

Ахьшэр кьыззрыдгъэсэбэпым и гугъу пщІымэ, едкапІэм и мыткьу-техникэ гъабжьэр ядолэгІакІуэ, зэредгъадж тхылъэхэр кьыдощхуэ, ди Іэмалхэм зыдогъэужь. Кьащтэмэ, идкиреи информационнэ технологиехэмкІэ зыхуей хуэзэу кьызэгъэнэщащ ди едкапІэр. КьызэрыгуэкІ библиотекэмрэ тхылъ щыІэ пэщыпрэ нэмыщІ, дэ диІэщ электроннэ библиотекэ. Студентым зыхуей тхылъхэр абы кьыщигъэтынущ, зыхуэныкьыкъу темэр кьриджьыкІынущ. Уеблэмэ унэм щІэсу сабийм электроннэ библиотекэм кьыщигъэтынущ ди егъэджакІуэхэм я лекцэхэр.

Епсэлъар **ЖЭЩЫГЪУЕ Зэрамыт** *Зэрамыт къуажэ.*

●Спорт

Федерацэм и Кубокым щІэбэну

Мы махуэхэм Удыновск щекІуэкІащ УФ-м Дзюдомкэ Іэ и федерацэм и Кубокыр къэхъыным теухуауэ щІыхуэхъухэмра щІыхуэбзкэмрэ я зэпеуэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ я командэхэр кьагъэкІуащ ди кьэралым щыІэ спорт зэгухьэныгъэ псоми. Абы хэм яхэтащ дунейпсо классымкІэ спортым и мастеру 23-рэ, спортым и мастеру 142-рэ, спортым и мастерым и кандидату 40 - псори зэгъуэгу спортсмен 200-м щІигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэр зэхьэзэхуэм щахъумащ дзюдоиститухум.

Абыхэм ящыщу Мэремыкъуэ Азэмэт (кг 73-рэ) дыжьын медалыр кьихьащ, Бэрсэдж Ислъам (кг 90) жэз медалыр кьыльысащ. ЩІалэхэр ягъэхьэзыращ Емкъуж Мухьэмэдрэ Иванов Дмитрийрэ.

ЖЫЛЛАСЭ Замир.

«Жьэгу» клубым и апэ зэкьэзэхуэ

Тхьэмахуэ блэкІам Кэнэз щекІуэкІащ унагьуэ 30 зыхьыхь «Жьэгу» шахмат-шашкэ клубым хэтхэм я апэ турнир.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кьрихьэлІащ шахматист 16-рэ шашкэ джэгуу 10-рэ. ШахматхэмкІэ апэ турнирым пашэ щыхъуащ Унжокъуэ Рустам, шашкэхэмкІэ бжьыпэр иубыдащ Пщынокъуэ Хьэтаий.

Къуажэ администрацэм, Шыбзыхьуэхэ я унагьуэм, «Горгаэ»-м зэхэту я зэуэ ахьшэ саугьэт сом мин 20-р кьэжъэнакІахэм трагуэшащ. КьищынэмышІауэ, Налшык кьалэ администрацэм щІалэгъуалэ ІуэхуэхмкІэ и кьудамэм кьыбгъэдэкІыу Кубоксэр иратащ текІуэныгъэ кьзыхьхьахэм, Лпуп Асльэнбэч и кьуажэгъуэмрэ хьэщІэхэмрэ мэл яхуинукІащ.

ДЭМЫХЬ Лиз.

Жэпухэ зэроубыдыж

●ЗэІущІэхэр

«Жьигыр лъабжьэм зэтреІыгъ, щыхур Іыхьлым зэрерЗІыгъ». - жаІо. А абхъаз псальэжьыщІ Жэпухэ я къудамищым я зэІущІэм кушІэ хуэхъуар. Адыгэ, абхъаз, балькьэр лъэпкъэм ехьахэкІа зэунэкъуэщІэр иужьрей илъэсищэм кьриубыдэу иджы япэу зэхуэзэу аращ.

ЗЭБЛАГЪАГЪЭМ, зэнибжьэгъуэм хуэгъэпсэ зэІущІэр кьыдэгъэпэныным ЖэрдэмщІакІуэ хуэхъуар Джашуевэ Сэлихьэр Раисэрэщ, Дунейпсо Артийскэ комитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ Іуэхущ.

Зэхуэсыр Іэтауэ щекІуэкІащ Налшык кьалэ дэт Кьэрал концерт гъэпэнъэуапІэм. ХьэщІэхэр кьрагъэблэрь абы и унагьуэр Абхъазым и мызакьуэу, хэгъуэгу куэдым щыщІэрыІуэщ. Тото и адэр лъэпкъ кьафэхэм, уэрэдхэм хуабжьу дихьэхыу щытащ, и ныбжьыр илъэси 105-рэ ирикъуху «Партхэр» ансамблым уэрэд щыжиІащ.

Илъэс 90-м щигъуэ и анэм иджыри кьызэдэсым уэрэд жеІэ икІи лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэм йоуэф. Езы Тото Тбилиси театральнэ институтымрэ консерваторэмрэ я кьыщиуха ияужь, Абхъазым и хуэдэ хорым и унафэщІу, солисту щытащ, Союз проп кьыкІухьащ, Японием, Венгриием, Германием, Франциэм, Италиэм, нэгъуэщІ кьэрадхэми зыкъыщигъэдъэгъуащ. А ансамбль дыдэрщ зыхэтыр Тото и щыпхьу Неллирэ и щхьэгъусэ Людмилэрэ.

А щыщхьэщхьэм уэрэджьыІакІуэ щІэрыІуэм псалъэ гуапэкІэ ехьэухьауэ КЬР-м Хъыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкі, жьлагъуэ зэгуэхьныгъэхэм ядэлэжьнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкі и министерствэм къикІаахэр, Щэнхабэм и лжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ Дау Марьянэ, Абхъаз Республикэм и Президентым и лЫкІуэ КЬР-м щІэныгъэ Егъэн Ибрахьим сымэ. Абхъаз къэрал университетым и егъэджакІуэ Жэман Мухьэмэд ректорым кьыбгъэдэкІ саугьэт Тото иритащ.

Уэрэджьэ Іакіуэ ныбжьыщІэхэу Уэзрокъуэ Чэримрэ Тагировэ Заретэрэ Аджапуа зэщхьэгъусэхэм «Вагьунгі» уэрэдымкІэ яхуэзупсащ. Абхъаз уэрэджьэІакІуэм, композиторым а зэІущІэм ирихьэлІэу иджыри зы Іуэхугъуэ гуапэ кьехьулащ - и гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуа тхылъ щыхьэхэ кьыдэкІащ.

ЗэІущІэм щекІуэкІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ а лъэпкъым щыщхэм я щІэр кьебжэкьыныРт. Илъэс 60 я зэхуаку дэльыбгъэ кьэр щІалэ Джапуев Дахиррэ абхъаз Аджаніуа Олегрэ, ауэ я гъащІэр зэщхьу кьежьащ. Дахир Брест быдапІэр щихьыжьмэ «Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ» уэрэдыр жиІащ Зеущэ Іуэсс.

Махуэщхьэр Іуащхьэмахуэ районым щыпащащ. - абы щыпсэу Джашуевхэм ираГъэдлІащ я къуэш хьэщІэхэр.

МЭРИК Кимм.

●Гукъеуэ

Ныбжьыщ Іэхэм зы унэр къомэщ Іэкі

Сэрмакъ дэс ныбжьыщІэхэм аладж-урым бэнэкІэм зыхуагъэсэну Іэмал ягъуэтащ. Ар и фыгъэщ нэхъыщхьэ жэпуэгъуэ мазэм курыт едкапІэ №1-м пэмыжьыжьу щыт унэр зэрызэрагъэпэщыжам, зыхуей Іэмэпсымэхэр зэрыщІагъэувам.

УНЭМ ХЭТЩ тренажерхэр зыщІэт, щыщагъасэ пэш хуитышуэхэр, ныбжьыщІэхэм зыщатІэщІ-зыщахуапэ, зыщагъэпскІыж щІыпІэ щхьэхуэхэр.

Спорт залым яжьэм зэрыщІидзэрэ илъэс ныкъуэ щІигъуэ къудейуэ арами, абы къекІуалІэхэм ехъулІэныгъэ хэзырынэхэр зыІэрагъэхьащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Есэнтіыгу щекІуэкІа зэкьэзэхуэм япэ увыпІэу зыра етІуанэ щыр зэрыщагъубыдар, Шэджэм къаде яджыблагъэ щекІуэкІа зэпеуэхэм сэрмакъэхэм япэ увыпІэу пЛы кьызэрыщхьар.

- Утыкуштхуэхэм ибгъэхьэ хъун хуэдэу гъэхьэзыра хъуа бэнакІуэ иджыри диІэкъым, ауэ нэхъыбэм фыкІэ уащыгугъ хъунущ, - жеІэ ныбжьыщІэхэм я гъэсакІуэ Елчэпар Мурат. - ЕдгъащІэ Іэмалхэр псынщІэу къаІэтхъуэгъ. Ди къаленым хохьэ забийхэм я зэфІэкІхэр наІуэ къэтщІу, ахэр едгъэфІэкІуэныр, тедгъэгъуэхуэнри, абыкІи тлъэкІ къэзгъэнэнкъым.

- Идкиешту спорт залым къекІуалІэ сабий 60-р секцэм кьыхьхьэну хуейхэм я Іыхьэ щаи кьурыкъым. Арыншами, тренировкэхэр сменищу зэпамыдэжщ, цІыкІуэхэр пэшым яхущІэгъахуэгъэкъым. БэнакІуэ хуэну хуейхэр куэд мэхъу, ауэ псори кьАхуэщтэркъым, ныбжьыщІэ куэд уэрамым кьыдонэ. Апхуэдэхэм яхэмыту пІэрэ спортсмен щІэрыІуэ кьызыхэкІынухэр?

Кьуажэдэсхэр мыпхуэдэ пэш зэраІэм щогугъыкІ икІи фІыщІэ хуащІ ар зыхуэныкьуэзэхэмкІэ кьызэгъэгъэпэщащ «Бидайн» компаниемрэ КЬР-м щиІэ кьудамэм и унафэщІ Шыхьэуэстэн Мурат. Апхуэдэу фІыщІэ щхьэхуэ яхуэфащэщ спорт залыр зэгъэпэщкъыным зи гуащІэ хэзыльхьа КІэблАхъуэ Аслъэнрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ.

Абы щыгъуэми, мыбы къекІуалІэ ныбжьыщІэхэм ехъуапсэу, я зэш зэрытрагъэувэ ямыщІэу уэрамым кьыдэнэ адрей щІалэгъуалэмэ зы щхьэгъэзэпІэ ягъуэтамэ фІэт. Кьуажэкъум итта клубыр щакъутэм абы и пІэ спортым и уардэнэ щаухуэну жьыІэр къагъэгъэнэ, и проекти ягъэлъэгъуат. Абы лъандэрэ зэрамыфІ дэкІами, щІыр Іэнэщ Іу щытщ, щІалэгъуалэр мэзэш. И чэзуэт а Іуэхуэ унафэ тэмэм тращІыхьыну.

ХЬЭМТУ МуІэед.
Сэрмакъ къуажэ.

●ГИБДД-м къет

Тхьэмахуэ зэхуакум

Мэкъуаусэуам и 8 - 15-хэм республикэм гъэзэну насыпышащэу 10 кьыщыхьуатІ, щІыхуэ 3 хъкІуэщІ, 16-м фэжьэ хагащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ 15-м жэщ ныкъуэм ВАЗ-2110 автомашинэр зезыгъакІуэ, ильэс 22-рэ зи ныбжь бахъэненкэдэсыр «ПроХладнэ-Іуащхьэмахуэ» федеральнэ гъэзэну тету здэкІуэм, 28-нэ километрым дэж ВАЗ-2109 автомашинэм жьэхэуащ. Гъэзэ бэлътІэІуэр зи зэранІэ къэхьуэ шоферымрэ абы игьуСаитІымрэ фэбжь ятелъу сымаджэщым яшащ.

Регистрацэ Іуэхуэхэр щрагъэзэнуэмэ, ГИБДД-м автотранспортыр тхылымкІэ, экзаменхэр кьеныхьымкІэ и къудамэм кьыщІигъэщащ зи агрегатхэм тетым хуейхэр зэхьэжІа автомашинэу 10.

Тхьэмахуэм и кІуэцІкІэ кьахутащ икІи кьыгтрахащ: зэрагъкамкІэ транспорт къэрал дамыгъэу 3, 1 шофер фэтхьылрэ зэратхамкІэ щыхьэт тхьылъ 2-рэ.

Мэкъуаусэгъуэм и 14-м Прохладнэ районымкІэ ОВД-м и ОГИБДД-м и гъэзэну пльырхэм яубыдащ щІыхуэм фэбжь иридзу Лада - Приора автомашинэр зыпІэрэзыгъэхьа альтудэсыр.

А махуэ дыдэм Лэскэн куейм «Аргудан-Александровскэ» гъэзэум Лэскэн РОВД-м и ОГИБДД-м и гъэзэну пльырхэм ильэс 50 зи ныбжь аргудандэсыр яубыдащ. Абы кьыгтрахащ щІэныгъэ кьызэкьуэ вещество зэрыльэ полиэтилен пакет.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КЬБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакІуэ.

●Тэрч куей

Тхылъымрэ щІэблэмрэ

Тэрч куейм и библиотекэхэм рЗжьыгъэщхьэщхьэкІ щІэлэр тхылъым дегъэхьэхьыным теухуауэ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьинщи, ди къэралым щокІуэкІ библиотекэхэм защІэгъэкъуэным теухуа Іуэху. Абы и фІыгъэкІэ Тэрч куейм библиотекэ нэхъыщхьэм и закъуэ сом мин 11-рэ къэхъыльэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыІэрыхьащ.

Сабий, щІалэгъуалэ куэд библиотекэм къэкІуат абы и гъэтІылъыгъэхэм къахэхъуэу тхылъыщІэхэр щагъэлъагъуэм. Щхьэхуэу дапхъэм кьытрагъуэат кьызэрыщэкІэ щыІэ тхылъ щыщ. Апхуэдэхэщ мы гъэм илъэс бжьыгъэ пьурыкІа ирикъуэ классикэ литературэм щыщхэр. Апхуэдэхэщ Тургеневым и «Дворянское гнездо» романыр - ильэси 150-рэ, Лермонтовым и «Мцыри» поэмэр - ильэси 170-рэ.

Тхылъэм кьахэхьуэщ сабий тхакІуэхэу Чуковскэм, Твен, Гримм зэкъуэшхэм, Андерсен сымэ я ІэдакъэщІакІэхэр.

Библиотекэм и лэжьакІуэхэм нэгъуэщІ зы зэІущІи ирагъэкІуэкІащ, «ГъащІэм гъунэгъу кьыпхуищІа щыхуэхэр фІыкІуэ лъагъу» фІащри. Щыхуэхэр, лъэпкъхэр зэхуэтэмакъэкІыхьу кьыздэгъуэгурыкІуэнращ а зэІущІэм кьрихьэлІахэр зытепсэлъыхьар.

Библиотекэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ кьыхуащІащ мы Іуэхуэхэм хэтахэм икІи кьыхагъэщащ щІэблэр тхылъым дезыгъэхьэх дэтхэнэ зы Іэмалри къэгъэсэбэпын зэрыхуейр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●МафІэсхэр

Сакъыныгъэр вГъэнэхъапэ

Къэрал мафІэс кІэльыпІъыныгъэмкІэ къудамэм налшыкдэсхэм ягу кьегъэкІыж мафІэсым зыщыхьэмынымкІэ нэхъыщхьэр сакъыныгъэр аращ зэрыщытыр.

НАЛШЫК псэупІэ унэхэм мафІэсу кьыщыхьэр илъэс къэс нэхьыбэ мэхъу. Ахэр кьэзышІэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, сыт щыгъуэ хуэдэу, электроІэмэпсымэхэр кьыдагъэкІыжьыкІэ, щІэныгьэ гъэзэным зэращІырэ, тутын щефэкІэ зэрымысакъыр, сабийхэр мафІэм зэрыриджэгурщ.

ПсэупІэхэм мафІэсу кьыщыхьэр зыгъэзэмщІэфынур хабзэм тетыныр. Псом ятІэрацІ, уеІэлъымыпІъу мафІэ пщІын хуейкъым. ПсэупІэ унэхэмрэ дачэхэмрэ кьеГъэжьыгъэ щыпІэхэм жыг тхьэмпэхэр, удз гъурхэмрэ сэкъужьымрэ и чэзум тегъэкъэбзыкІын хуейщ. Мэкъу, хьэуаэ Іэтэхэм я гъунэгъуу мафІэ щыпІ хъунукъым. Екьужьхэр щыбгъэс хъунур ухуэныгъэхэм метр 50-кІэ пыІуахуэщ. А псоми кьадэкІуэу, унагъуэ, дачэ хадэхэм псынщІэу кьэлыд гъэсыныпхъэ, газ зэрыт кумбыгъэхэр щыхьымэн хуейкъым.

ЗыщывгъэпсэукІэ мафІэ щыфщІыну кьеІэгъ пшаХуаплъэ е мывалъэ щыпІэ, псым е гуэлым пэгъунэгъу кьыхэхпихьэщ, апхуэдэуи тафэри кьэбгъэсэн хъунущ. МафІэр зэщІэбгъэстын и пэ, ящІ и хъуреягъкІэ лыгъэр зыльэІэсынкІэ хъуну псори гъэкъэбгъэн хуейщ. ЩІыпІэм фыкьыщІыкІыкІэ, мафІэр гъэункІыбпІъхъэщ, зы дэпи мыужьыхьуэ къэмынэу.

МафІэсым зыщыхъужьымэ теухуа хабзэхэм фытетмэ, мылъку хэщІынигъэ фиІнэхьщ, фэрт фи Іыхьлыри мафІэм щыхьума хъунуп.

БОРИСОВ Вячеслав,
Налшык къалэм щыІэ ОГПН-м и унафэщІ.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомыр **Жабоев Жэбрэіли Ислъам и къуэм** хуогуэвэ абы и анэ **Жабоевэ Малляш Хьэмит и пхъур** зэрылІам кьыхэкІыу.

Зэрыунагъуэу къоф э

Зеикъуэ къуажэм щыщ зэщхьэгъэсхуэу Нэхущхэ Анзоррэ Маринэрэ къэфэнэр зыпащІ щыІэкъым. Анзор и адэАхьмэд илъэс куэдкІэ «Кабардинка» ансамблым кьыщыфащ, зэщхьэгъусэхэм я бынитІри къэфэм хэтщ, Анзор и къуэшри абы дехьэх.

УФ-м, КъБР-м щІыхь зиІэ я артист Дашу Хьэщыр и унафэм щІэту ильэс 14 хьауэ балетмейстер нэхъыщхьэу Маринэ ядолажьэ Бахъэсэн дэт Щэнхабзэмкі Іуэхэм и «Бахъсэн ауэ» къэфакІуэ гупым хэтхэм. Абы и гъэсэнхэм «Кабардинка»-м щылажьэхэр, ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым хореографиемкІэ и къудамэм щеджэхэр къахэкІащ.

БЕКЪАЛДЫ Илэ.



● Щэнхабзэ

Нэхущхэ Анзоррэ Маринэрэ къоф э.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЪхэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьлаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадину** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ЭХЭЩАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щхьэ ІущІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - ешІапэ и кьатхэр.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; сегретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭЗЫЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щихьабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхуэщ Іапі эхэм ядолэжьнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохмкІэ - 42-22-88; егъэджакІуэмрэ щІэныгьэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэщ Іапі эм - 42-26-41; суэрттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжьыгъэхэм, кьышІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцІэмрэ я Іуэху ельыкІэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщІ дэльыщ КЬР-м федеральнэ пошт зэпащІ ягъэхьэзырыкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрикъкІэ жэуап ехь КЬР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м ЗИ-0065-м щІигу ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щхьэ ІущІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и кьудзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Табыш Динарэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1,2-нэ нап.)*, **Цей Заирэ** *(3,4-нэ нап.)*, **корректорэм я дэІныкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютерКІэ газетым и теплъэр яшІащ:*** **Мэлбахъу Анжелэ, *суэрттыщІ*** **Бицу Жанинэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн кьуэщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзэ сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №1932